

Pwogram pou peryòd echanj 2012 la

Chwazi bon bagay

*Chwazi depi kounyeya sa nou vle sèvi; . . . pou mwen menm ansanm ak tout moun lakay mwen,
se Senyè a n ap sèvi (Jozye 24:15).*





Enstriksyon pou Peryòd Echanj ak Prezantasyon Reyinyon Sentsèn Timoun yo

Chè Prezidans Primè ak Dirijan Mizik,

Ane sa a nou pral gen okazyon pou anseye timoun yo enpòtans pou chwazi bon bagay. Aprann fè bon chwa se yon pati enpòtan nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou e sa ap pote anpil benediksyon. Chèche envite Lespri Senyè a lè nan yon espri lapriyè n ap anseye leson yo ki nan pwogram sa a. Pandan n ap fè sa, timoun yo pral aprann ke yo kapab resevwa èd pou fè chwa yo nan suiv egzanp Jezikri, nan viv prensip levanjil yo, ak koute enspirasyon Sentespri a. Chwazi bon bagay ap ede timoun yo rete sou chemen ki pou mennen yo tounen al jwenn Papa nou ki nan syèl la.

Nou rekonesan pou sèvis fidèl nou pandan n ap renmen ak anseye timoun presye yo nan Primè nou an. Nou priye pou nou e nou konnen ke Senyè a ap beni nou pandan n ap sèvi nan apèl enpòtan sa a.

Prezidans Jeneral Primè a

Enstriksyon pou Peryòd Echanj

Enstriksyon levanjil

Itilize bwochi sa a lè w ap prepare pou anseye yon leson 15 minit chak semèn pandan peryòd echanj. Ou gen dwa konplete leson chak semèn yo avèk lòt materyèl Legliz la apwouve, tankou *Friend* oubyen *Lyawona*. Direksyon sa yo ap ede ou planifye ak prezante leson yo.

Renmen moun w ap anseye yo. Montre amou ou pou timoun yo nan aprann non yo ak chèche konnen sa k enterese yo, talan yo, ak bezwen yo.

Anseye doktrin nan pa Lespri. Lè w ap prepare leson yo, priye pou gidans epi efòse pou ou fòtifye temwayaj ou konsènan prensip w ap anseye yo. Sa ap ede ou anseye pa Lespri.

Envite yo aprann. Bwochi sa a prepare pou ede ou konnen non sèlman *kisa* pou ou anseye ak envite aprantisaj dilijan. Ou va anseye doktrin nan pi efikasman si ou fè twa bagay sa yo nan chak leson:

1. **Identifye doktrin nan.**

Prezante doktrin timoun yo pral aprann nan klèman. Reflechi sou fason pou fè sa oralman ak vizyèlman. (Pou jwenn kèk egzanp, gade leson pou twazyèm semèn yo nan mwa Me a ak sa dezyèm semèn nan mwa Out yo.)

2. **Ankouraje konpreyansyon.** Asire ou ke timoun yo akéri yon konpreyansyon pwofon sou doktrin nan pa mwayen yon varyete metòd ansèyman ki enplike yo nan aprann nan, tankou chante chan yo, jwe wòl, ak li pasaj ekriti.
3. **Ankouraje yo fè pratik.** Bay timoun yo okazyon pou aplike doktrin nan nan lavi yo. Reflechchi sou fason yo kapab eksprime santiman yo konsènan doktrin nan oubyen fikse yon bi an relasyon ak doktrin nan.

Bwochi sa a bay leson konplè pou kèk nan semèn yo nan ane a. Kèk ide, men pa leson konplè, enkli

pou lòt semèn yo. Kore ide sa yo avèk kèk pa nou. Ou kapab pran ide nan li lòt leson yo nan bwochi sa a. Lè gen yon senkyèm Dimanch, itilize okazyon sa a pou repase leson anvan yo. Lespri a kapab gide ou lè w ap planifye ak prepare aktivite pou leson yo.

Travay avèk dirijan mizik la lè w ap prepare leson w yo. Chan yo ap ede ou ranfòse doktrin w ap anseye yo. Tanzantan ou gen dwa envite kèk enstriktè ak klas yo pou ede ou nan kèk pati nan ansèyman levanjil la.

**Chak semèn,
planifye fason pou
(1) identifye doktrin
nan, (2) ede timoun
yo konprann ni, ak
(3) ede yo aplike
li nan lavi yo.**



Disponib sou entènèt:

Enfòmasyon, èd vizyèl, ak lòt resous yo fè referans yo nan bwochi sa a disponib sou entènèt nan seksyon ki rele 'Sèvi nan Legliz la' nan LDS.org.

Gen kèk leson ki sigjere pou envite lòt moun vin patisipe nan Primè a. Ou dwe jwenn apwobasyon evèk ou oswa prezidan branch ou anvan w envite moun sa yo pou patisipe.

Gen plizyè konsèy pedagogik ki akonpaye leson yo ki pral ede ou amelyore aptitud ou pou anseye. Leson yo gen imaj ki ap ede ou wè kisa aktivite a sanble. Byenke li enpòtan pou devlope teknik pedagogik ou, se preparasyon espirityèl pèsònèl ou ak temwayaj ou ki pral envite Lespri a pou konfime doktrin sa yo nan kè timoun yo.

Tan pou chan

Nan Primè a, mizik la dwe etabli yon atmosfè reverans, anseye levanjil la, ak ede timoun yo santi enfluyans Sentespri a ak lajwa ki genyen nan chante. Ou dwe pran 20 minit nan peryòd echanj lan pou chante ak anseye mizik. Sa ap pèmèt ou gen ase tan pou anseye nouvo mizik ak pou ede timoun yo renmen chante.

Liv sa a gen yon nouvo chan pou timoun yo aprann ane sa a (gade paj 28). Li gen yon seksyon ki rele “Kijan pou itilize mizik nan Primè a” tou (gade paj 26–27) ak ide adisyonèl pou anseye timoun yo chan yo (gade paj 9, 17).



Preparasyon: Priye pou gidans epi chèche enfluyans Lespri a lè w ap prepare peryòd echanj ou yo. Si ou prepare e anseye pa Lespri, Li ap konfime verasite sa w ap anseye yo. (Gade APGPGA, 13.)

Direksyon pou Prezantasyon Reyinyon Sentsèn nan

Sou direksyon evèk la oswa prezidan branch lan, prezantasyon reyinyon Sentsèn timoun yo nòmalmman fèt nan katyèm trimès la nan ane a. Reyini avèk konseye nan episkopa a oswa prezidan branch lan ki responsab Primè a bonè nan ane a pou diskite sou planifikasyon preliminè yo. Chèche jwenn apwobasyon li lè planifikasyon an finalize.

Planifye pou timoun yo prezante pwogram nan dapre tèm peryòd echanj chak mwa yo. Pandan tout ane a, kenbe nòt sou diskou timoun yo fè ak eksperyans pèsònèl yo pou ou kapab itilize yo si posib nan prezantasyon an. Lè w ap planifye pou

timoun yo pataje sa yo te aprann sou tèm ane sa a, panse sou fason yo kapab ede kongregasyon an konsantre sou pwèn doktrin levanjil yo anseye yo. Yon manm episkopa a kapab fini reyinyon an avèk kèk brèf remak.

Lè w ap prepare prezantasyon an, sonje direksyon sa yo:

- Repetisyon yo pa dwe initilman retire sou tan klas yo oubyen sou fanmi yo.
- Èd vizyèl, kostim ak prezantasyon odyo oswa videyo pa apwopriye pou reyinyon Sentsèn.



Resous yo itilize nan bwochi sa a

Abrevyasyon sa yo itilize nan tout bwochi a:

CS *Children’s Songbook*
APGPGA *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*

Anpil leson gen sigjesyon pou itilize imaj yo. Ou kapab jwenn imaj nan *Gospel Art Book* la, Liv Ilistasyon Levanjil la, pake imaj nan manyèl Primè yo, revè Legliz yo ak sou entènèt nan images.lds.org.

Pwogram pou 2012

Pwogram jeneral

Gadri: *Behold Your Little Ones*; Reyon solèy: Primè 1; CLB 4–7: Primè 2; Kè vanyan 8–11: Primè 4

Pwogram debaz

Reyon solèy: Primè 1; CLB 4–7: Primè 2; Kè vanyan 8–11: Primè 4

Resous: Ou ka jwenn resous ansèyman adisyonèl tankou paj pou kolorye, istwa, ak aktivite nan revè Zanmi an, Liahona, manyèl gadri a, ak Liv Imaj Levanjil la. Itilize resous sa yo pou kore leson w yo. Epitou chèche yon lis resous pedagogik sou sijè espesifik levanjil yo nan Zanmi an nan friend.lds.org. Resous sa yo ou kapab enprime yo epi itilize yo lè w ap anseye timoun yo.

Libabit se don pou nou chwazi pou tèt pa nou

Chante: “Je suis enfant de Dieu”
(paj 28 nan liv sa a)

“Se poutèt sa, lèzòm lib . . . pou chwazi libète ak lavi etènèl, pa mwayen gran Metyatè a ki pou tout moun nan” (2 Nefi 2:27).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike l nan lavi yo. **Poze tèt ou kesyon: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m ka ede yo santi Lespri a?”**




Itilize ekriti yo: Li enpòtan pou timoun yo aprann verite levanjil yo ki nan ekriti yo. Pou kèk ide sou fason pou anseye timoun yo istwa nan ekriti yo, gade APGPGA, 59.

1er ak 2yèm semèn: Libabit se don pou chwazi pou tèt pa nou.

Idantifye doktrin nan (jwe yon jwèt devinèt): Di timoun yo ke w ap panse avèk yon mo, epi ba yo kèk ide pou ede yo devine mo a. Mande yo pou leve men yo lè yo jwenn repons lan. Men kèk ide ou ka sigjere: Nou te gen sa anvan nou te vin sou tè a. Se yon kado Papa nou ki nan syèl la ba nou. Li se yon pati enpòtan nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou. Satan te vle retire l nan men nou. Nou itilize li lè n ap fè chwa. Se yon kado ki mennen nou chwazi pou tèt pa nou. Li kòmanse avèk lèt L. Lè timoun yo fin devine repons la, repete ansanm: “Libabit se don pou chwazi pou tèt pa nou.”


Ankouraje konpreyansyon (gade ak pale sou yon leson objè): Montre timoun yo yon tibwa ki gen mo *chwa* a ekri nan yon pwent ak mo *konsekans* la ekri nan lòt pwent la. Eksplike ke yon konsekans se sa ki rive tou natirèlman apati de yon chwa nou fè; pa egzanp, si nou chwazi pou

pou yo ka wè ki konsekans ki genyen lè yo fè bon chwa (libète ak lavi etènèl) ak ki konsekans ki genyen lè yo fè move chwa. Desine yon dyagram sou tablo a tankou sa yo montre la a.



Ede timoun yo konprann ke lè nou fè bon chwa, sa pote libète ak bonè, e lè nou fè move chwa, sa mennen nan kaptivite ak chagren.

Envite de timoun pou vini devan klas la, epi fè yo chak kenbe youn nan pwent tibwa a. Mande timoun ki kenbe pwent ki make “chwa” a pou l bay egzanp yon bon chwa (pa egzanp, pale janti avèk lòt moun). Mande lòt timoun nan pou l pataje konsekans posib chwa sa a ka pote (pa egzanp, bati amitye dirab). Repete sa avèk plizyè lòt timoun.



fè pratik pou jwe yon enstri-man mizik, n ap vin pi bon ladan, e si nou chwazi pou touche dife, n ap boule. Pran tibwa a epi montre timoun yo ke chak fwa nou pran tibwa a, nou menm tou nou fè chwa a ak konsekans chwa sa a. Mande youn nan timoun pi gran yo pou li 2 Nefi 2:27. Envite lòt timoun yo pou yo koute

Ankouraje konpreyansyon (apran istwa ekriti yo): Pandan de premye semèn mwa a, anseye kèk istwa nan ekriti yo ki montre kijan fè bon chwa mennen nan libète ak bonè ak kijan fè move chwa mennen nan kaptivite ak mizè. Istwa nan ekriti yo ou kapab itilize yo enkli Sovè a ak Satan (gade Moyiz 4:1–4); Nefi ak Laman ak Lemuel


Ranfòse aprantisaj timoun yo pa mwayen repetisyon. Konsève tibwa ki make “chwa ak konsekans” la. Ap gen lòt okazyon pou itilize li pandan peryòd echanj pandan tout ane a.



(gade 1 Nefi 2–4, 7, 18); Chadrak, Mechach, ak Abèdnego (gade Danyèl 3); oswa Alma ak Wa Nowe (gade Mozya 17–19). Lè w fin anseye yon istwa, envite de timoun pou chak kenbe yon pwent tibwa ki make “chwa ak konsekans” la. Mande youn nan timoun yo pou eksplike chwa moun yo nan istwa a te fè yo epi mande lòt la pou eksplike konsekans chwa sa yo.

Ankouraje aplikasyon (koutte yon istwa): Mete yon foto Jezikri sou tablo a. Fè desen yon eskalye ki mennen nan foto a. Desine foto yon moun sou yon moso papyè, epi mete l anba eskalye a. Rakonte yon ti istwa kout sou chwa yon timoun ta kapab fè pandan yon jounen. Pou chak chwa, mande timoun yo pou montre èske se yon bon chwa oubyen yon move chwa kote y ap kanpe lè

se yon bon chwa epi y ap chita lè se yon move chwa. Pa egzanp: “Jeanne pran yon jwèt nan men ti frè l la; epi tifrè a kòmanse kriye. Lè manman Jeanne mande poukisa l ap kriye, Jeanne di li pa konnen.” Pou chak bon chwa, deplase foto moun nan monte yon mach nan eskalye ki mennen jwenn Jezi a. Kontinye istwa a avèk lòt chwa yo jiskaske moun nan rive jwenn Sovè a. Pale sou fason bon chwa pote bonè pou nou e ede nou avanse pi pre Senyè a.



3yèm semèn: Nan lavi premòtèl la, m te chwazi pou suiv plan Bondye.

Ankouraje konpreyansyon (chante chan): Briyèman diskite sou ide sa yo, epi apresya chante chan ki koresponn avèk li a ak timoun yo: Anvan m te vini sou tè a m te viv nan syèl la (“I Lived in Heaven” [CS, 4]). M te chwazi pou vin sou tè a pou resevwa yon kò (“I Am a Child of God” [CS, 2–3]; “The Lord Gave Me a Temple” [CS, 153]). M ap batize e resevwa don Sentespri a (“When I Am

Baptized” [CS, 103]; “The Holy Ghost” [CS, 105]). M ka prepare pou ale nan tanp (“I Love to See the Temple” [CS, 95]; “Families Can Be Together Forever” [CS, 188]). M ap resisite (“He Sent His Son” [CS, 34–35]).



4yèm semèn: Jezikri te kreye tè a kòm yon lye kote mwen kapab aprann chwazi bon bagay.

Idantifye doktrin nan (gade epi pale sou yon leson objè): Montre timoun yo yon bwat ki gen plizyè kalite kreyon koulè. Montre yo yon dezyèm bwat ki gen yon sèl koulè kreyon. Mande timoun yo: “Si nou pral kolore yon imaj, kiyès nan bwat kreyon sa yo nou ta renmen itilize? Poukisa?” Eksplike ke posede yon varyete chwa se yon benediksyon. Temwaye ke Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri renmen nou e yo vle nou fè chwa kòrèk.

Ankouraje konpreyansyon (kolore): Fè timoun yo kolore yon kopi foto ilustrasyon ki nan paj 35 nan manyèl gadri a, *Behold Your Little Ones*, oswa envite yo pou yo desinen menm kalite foto a avèk menm lèt yo. Diskite kiyès ki te kreye bagay yo nan ilustrasyon an ak poukisa yo te kreye yo. Anseye timoun yo ke Papa nou ki nan Syèl la atann pou nou pran swen mond sa a Pitit Gason l lan te kreye pou nou an. Mande yo pou yo pale sou fason yo kapab chwazi pou pran swen tè a ak kreyasyon ki ladan l yo. Envite yo pou yo pote foto yo a lakay yo epi fè paran yo fè yon liv avèk li.

Leson objè “konekte [yon] ide envizib . . . ak kèk objè reyèl timoun yo deja konnen epi plante fondasyon sou konesans sa a” (Boyd K. Packer, nan TNGC, 163).



Nan aktivite sa a, ou gen dwa chwazi pou demontre ide ke chwa se yon benediksyon an avèk kreyon, kreyon koulè, yon varyete fwi, oswa nenpòt lòt bagay timoun yo fanmiye avèk li.

Lè nou chwazi bon bagay, nou beni

“Si nou respekte kòmandman l yo l ap beni nou e l ap fè nou pwospere” (Mozya 2:22).


Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Poze tèt ou kesyon:** “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, e ki fason m ka ede yo santi Lespri a?”

Chan: “Choose the Right”
(Hymns, no. 239)

1er semèn: Nowe te beni paske li te chwazi bon bagay.

Idantifye doktrin nan (jwe yon je konparezon):

Desine yon senp foto batiman sou tablo a. Prepare plizyè pè foto bèt ki parèy. Bay chak timoun yon foto. Mande timoun yo pou kanpe epi repete son bèt ki nan foto yo a fè epi koute si yon lòt moun ap fè menm kalite son an. Lè timoun yo ki gen foto ki matche yo fin youn jwenn lòt, fè yo kanpe ansanm jiskaske tout bèt yo fin jwenn parèy. Mande timoun yo pou vini pa gwoup de epi pote bèt yo mete nan batiman an ou te desinen an. Mande timoun yo: “Ki pwofèt Senyè a te mande pou rasanble bèt yo nan batiman an?” Fè yo konprann ke sete yon tach siman difisil pou rasanble si anpil bèt konsa nan batiman an, men Nowe te chwazi pou obeyi sa Senyè a te kòmande a.



Klike la a pou desen.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti yo): Montre timoun yo yon foto Nowe k ap preche, epi li Moyiz 8:20. Mande timoun yo poukisa yo panse moun yo pa t koute Nowe. Divize tablo a an de, epi ekri kesyon sa yo sou yon bò, avèk referans ekriti yo nan nenpòt lòd sou lòt bò a: Kisa Senyè a ta pral fè pou detwi mechan yo? (Jenèz 6:17). Kisa li te di Nowe pou l te fè pou l te sove fanmi li? (Jenèz 6:18). Kisa Nowe te fè pou l te chwazi bon bagay?

(Jenèz 7:5). Mande timoun yo pou li ekriti yo pou chèche jwenn ki repons pou chak kesyon. Montre yo yon foto Nowe k ap bati batiman an. Eksplike ke pafwa li difisil pou chwazi bon bagay. Mande: “Nan ki fason Nowe te beni paske li te chwazi bon bagay?”

Ankouraje yo pou yo pataje kijan yo ap beni lè yo chwazi bon bagay.

2zyèm semèn: Disip Jezi yo te beni paske yo te chwazi bon bagay.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti, kolore, ak itilize maryonèt): Li avèk timoun yo istwa sa yo sou fason disip Jezi yo te chwazi bon bagay:

Lik 10:38–42 (Mari); Matye 4:18–20 (Pyè ak Andre); Ak 9:1–9, 17–20 (Pòl). Pale sou kèk nan benediksyon moun sa yo te resevwa paske yo te chwazi bon bagay. Desine kèk fòm figi senp pou chak timoun (oubyen itilize figi nan ekriti yo ki nan “Funstuf,” *Zanmi an*, Jan. 2006, 35; ak “Funstuf,” *Zanmi an*, Fev. 2006, 31). Fè timoun yo kolore desen yo, koupe yo, epi fè maryonèt sou ti bwa avèk yo oswa sache maryonèt. Envite yo pou itilize maryonèt yo pou re rakonte youn nan istwa yo. Pa egzanp:

Ou kapab itilize senp maryonèt pou jwe kèk pati nan yon leson. Yo se zouti valab pou kore ide prensipal la ak pou atire atansyon timoun yo (gade APGPGA, 176–77).

“Non mwen se Pòl. M te konn pèsèkite moun ki t ap suiv Jezi yo. M te fè yon vizyon sou Jezi. Jezi te mande m pou m sispann pèsèkite li. M te chwazi pou suiv Jezi e m te yon misyonè pou tout rès lavi mwen.”



Reverans: Timoun yo kapab aprann pa mwayen aktivite ak mouvman amizan pandan ke yo kenbe yon atitid reverans. “Reverans . . . pa vle di silans absoli” (Boyd K. Packer, “Reverence Invites Revelation,” *Ensign*, Nov. 1991, 22).

Ankouraje aplikasyon (repose istwa ekriti yo): Envite timoun yo pou itilize maryonèt yo pou rakonte fanmi yo istwa ekriti yo lakay yo. Ankouraje yo pou yo pataje avèk manm fanmi yo kijan moun

nan istwa yo te chwazi bon bagay ak konbyen yo te beni. Mande yo kijan yo ka chwazi bon bagay pandan semèn k ap vini an.



Klike la a pou maryonèt.

3yèm semèn: Nefi te beni paske li te chwazi bon bagay.

Ankouraje konpreyansyon (patisipe nan teyat): Fè timoun yo jwe wòl kote Nefi te obeyi papa li ak Senyè a (pa egzanzp, gade 1 Nefi 16:18–24, 30–32; 1 Nefi 17:8, 17–18, 48–53; 1 Nefi 18:9–21). Panse pou fè yo itilize kostim senp (pou enfòmasyon sou dramatisasyon, gade APGPGA, 165–66). Li ansanm kisa Nefi te di nan 1 Nefi 17:31 an.

Ankouraje aplikasyon (chante yon chan): Montre tibwa ki make “chwa ak konsekans lan” ou te fè an Janvyè a, epi envite timoun yo pou pataje sa yo sonje sou chwa ak konsekans. Di yo ke anpil benediksyon nou resevwa se konsekans bon chwa nou fè. Envite yo pou panse sou fason yo kapab menmjan ak Nefi epi fè bon chwa. Fè yo chante “Nephi’s Courage” (CS, 120–21) epi pase tibwa ki make “chwa ak konsekans lan” pandan y ap chante a. Sispann mizik la tanzantan. Lè mizik la sispann, envite timoun ki kenbe tibwa a pou pataje yon bon chwa li kapab fè. Fè timoun nan pase tibwa a bay yon lòt timoun, epi envite li pou pataje yon benediksyon ki soti nan fè bon chwa. Refè sa si w gen ase tan.



Èd vizyèl kapab ranfòse aprantisaj. Kenbe èd vizyèl yo senp. Sa ap pèmèt timoun yo fokis sou mesaj leson an olye sou èd vizyèl la.

Di doktrin nan: Mwa sa a timoun yo ap aprann plizyè kalite ilustrasyon ekriti sou doktrin ki di ke lè nou chwazi bon bagay, nou beni an. Panse pou envite yo pou yo repete: “Lè nou chwazi bon bagay, nou beni” nan kòmansman chak leson.

4yèm semèn: Manm legliz yo jodia beni lè yo chwazi bon bagay.

Ankouraje konpreyansyon (pataje istwa): Envite plizyè paran oswa gran paran timoun yo nan Primè w la pou pataje istwa sou fason yo menm oswa zansèt yo te chwazi bon bagay. Sa kapab enkli istwa sou fason yo te chwazi antre nan Legliz la. Anvan chak istwa, mande timoun yo pou koute fason manm Legliz sa yo te chwazi bon bagay ak kijan yo te beni paske yo te fè sa. Apre chak istwa,

mande timoun yo pou rakonte kijan manm yo te beni paske yo te chwazi bon bagay. Panse pou mande timoun yo pou desine foto sou istwa yo pandan y ap tande a epi apresya pataje foto sa yo avèk lòt timoun nan Primè a ak lakay yo.

Pwofèt vivan yo anseye m pou m chwazi bon bagay

Chante: “Stand for the Right”
(CS, 159)

“O sonje, pitit gason m nan, aprann lasajès pandan w jèn; wi, aprann respekte kòmandman Bondye yo pandan w jèn” (Alma 37:35).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, e kijan m ap kapab ede yo santi Lespri a?”**



1er semèn: Bondye pale atravè pwofèt vivan yo.

Idantifye doktrin nan (gade yon demonstrasyon ak memorize yon ekriti): Envite yon timoun pou vini devan klas la. Di lòt timoun yo pou suiv enstriksyon li. Chichote senp enstriksyon bay timoun nan, tankou “Di yo bat men yo twa fwa” oswa “Di yo pou kanpe ak mache anplas.” Kite plizyè timoun sèvi kòm moun k ap dirije. Eksplike ke malgre yo tout pa t tande ou ap bay enstriksyon yo, yo te kapab obeyi enstriksyon yo paske yo te konnen kiyès pou yo suiv. Mande kiyès nou ta dwe suiv pou konnen sa Papa nou ki nan Syèl la vle pou nou fè. Montre foto Prezidan aktyèl

Legliz la. Fè timoun yo repete ansanm: “Bondye pale atravè pwofèt vivan yo.” Li Amòs 3:7, epi eksplike tout mo yo pa konprann. Ede yo memorize ekriti a (gade APGPGA, 171–72).

Poze kesyon: Kesyon yo ka ankouraje patisipasyon ak diskisyon. Poze kesyon pou ede detèmine si timoun yo konprann doktrin k ap anseye a ak pou ankouraje yo pou medite (gade APGPGA, 73). Pa egzanp, ou kapab poze kesyon tankou: “Kijan Papa nou ki nan Syèl la pale avèk manm yo nan Legliz la?” ak “Kijan ou beni lè w suiv pwofèt la?”

2zyèm semèn: Premye Prezidans lan ak Douz Apot yo se pwofèt

Idantifye doktrin nan: Ekri sou tablo a: “Premye Prezidans lan ak Douz Apot yo se pwofèt. Di timoun yo ke nan Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo, nou dirije pa Prezidan Legliz la, de konsyè l yo nan Premye Prezidans lan, ak Douz Apot yo. Eksplike ke Premye Prezidans lan ak Douz Apot yo se pwofèt.

Ankouraje aplikasyon (jwe yon jwèt konparezon): Rasanble foto sis manm Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo, epi ekri non yo sou moso papye separe. Mete papye yo ak foto yo fas anba sou tablo a. Fè yon timoun vire yon foto, epi envite yon lòt timoun pou vire yon moso papye avèk yon non sou li. Si foto a ak non an pa mache, remete yo nan plas yo epi fè de lòt timoun chwazi. Si papye yo mache, chichote bay de timoun yo yon prensip levanjil dirijan an te anseye nan dènne konferans jeneral la (gade dènne revni konferans Ensign oswa Liahona) a, epi fè yo demontre yon fason yo kapab viv prensip la. Envite lòt timoun yo pou devine sa y ap fè a.



3yèm semèn: Pwofèt ak apot Bondye yo pale avèk nou nan konferans jeneral.



Adapte aktivite w yo avèk laj ak kapasite timoun w ap anseye yo. Nan aktivite 3yèm semèn nan, ou kapab itilize foto anplis mesaj ekri yo.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon

(jwe yon jwèt): Sou yon moso papye separe ekri rezime yon fraz sou mesaj ki pi resan manm Premye Prezidan yo ak Kolèj Douz Apot yo te bay yo. Mete yo sou tablo a ansanm avèk foto dirijan yo. Pale sou chak mesaj. Envite yon gwoup timoun pou soti nan sal la. Retire youn nan mesaj yo sou tablo a. Envite timoun yo pou retounen e deside ansanm ki mesaj ki manke. Mande yo pou chwazi yon chan Primè ki koresponn avèk mesaj la, epi chante li ansanm. Envite yo pou sigjere fason yo kapab aplike mesaj la. Repete sa avèk lòt mesaj.

Ide: Panse sou fason pou fè timoun yo ak paran yo konnen resous ki disponib nan conferencegames.lds.org yo.

Repetisyon: Timoun yo aprann pa mwayen repetisyon. Nan 2yèm ak 3yèm semèn nan ou pral anseye timoun yo menm doktrin nan nan fason diferan. Sa pral yon opòtinite pou ranfòse konpreyansyon yo sou doktrin nan.

4yèm semèn: Mwen beni lè m chwazi pou suiv pwofèt la.

Idantifye doktrin nan *(chante yon chan):*

Chante nevyèm kouplè ak refren chan “Follow the Prophet” la (CS, 110–11). Envite timoun yo pou koute rezon k fè nou suiv pwofèt la. Fè yo repete ansanm: “Mwen beni lè m chwazi pou suiv pwofèt la.”

Ankouraje konpreyansyon *(jwe teyat sou istwa ekriti sa yo):* Rakonte timoun yo istwa Eli ak vè Sarepta a (gade 1 Wa 17:8–16), epi envite yo pou jwe li avèk ou. Pa egzanp: “Senyè a te di pwofèt Eli pou ale nan yon vil ki te rele Sarepta (*mache anplas*). Lè l te rive nan vil la, li te wè yon madanm ki t ap ranmase bwa (*pretann w ap ranmase bwa*). Eli te mande madanm nan pou ba l ti dlo (*pretann w ap bay yon moun dlo*) Madanm nan te di Eli ke li te gen sèlman yon ti farin ak yon ti luil pou fè pen pou pitit gason l lan (*sekwe tèt ou pou di non*). Eli te di li pou fè yon pen pou li an premye epi Bondye t ap ba li plis farin ak plis luil. Madanm nan te obeyi (*pretann w ap fè pen*). Li te gen ase farin ak luil pou fè pen pandan plizyè jou (*pretann w ap manje*).” Repete aktivite a avèk istwa Moyiz ak sèpan eren an (gade Nombres 21:5–9) ak Nefi ak plak eren yo (gade 1 Nefi 3–4; 5:21–22). Mande timoun yo pou pataje kijan moun nan istwa yo te beni paske yo te suiv konsèy pwofèt la.

Ankouraje aplikasyon *(diskite sou ansèyman pwofèt yo):*

Mande timoun yo: “Kiyès ki pwofèt nou jodia?” Montre foto Prezidan aktyèl Legliz la. Eksplike ke li aple pa Bondye. Fè yo diskite an ti gwoup sou fason yo ka suiv li. Mande kèk timoun nan chak gwoup pou pataje ide yo. Envite timoun yo pou chwazi yon fason yo kapab suiv pwofèt la pandan semèn nan. Kreye yon rapèl pou yo ka pote lakay yo pou pataje avèk fanmi yo. Raple yo ke yo kapab tandè pawòl pwofèt la pandan konferans jeneral, epi ankouraje yo pou gade oswa koute konferans lan avèk fanmi yo. Nan semèn apre konferans jeneral la, mande kèk timoun pou pataje eksperyans yo te fè pandan yo t ap koute pwofèt la ak suiv ansèyman l yo.



Divize timoun yo an gwoup ap pèmèt plis timoun patisipe. Ou ka fòme gwoup nan plizyè fason. Pa egzanp, ou kapab mande timoun yo pou travay ansanm an gwoup klas, oubyen ou ka mete pi gran yo avèk pi piti yo. Yon adilt dwe sipèvize chak gwoup.

Jezikri anseye m pou m chwazi bon bagay

Chante: chan ou chwazi sou Jezikri nan Children's Songbook



Adapte aktivite yo ak laj ak kantite timoun ki nan Primè w la. Pa egzanp, nan aktivite nan 1er semèn nan, si ou gen yon gwo Primè, ou gen dwa prepare plis moso puzzle. Pou timoun pi piti yo, yon enstriktè ta ka li ekriti a epi ede timoun yo desinen foto yo.

"Mwen ba nou yon egzanp, pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an" (Jan 13:15).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk nan pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: "Kisa timoun yo pral fè pou aprann, e kijan m kapab ede yo santi Lespri a?"**

1er semèn: Jezikri se egzanp pafè pou mwen.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti ak desine imaj): Sou yon gwo moso papye ekri fraz sa a: "Jezikri se egzanp pafè pou mwen." Koupe papye a an kat moso senp. Ekri youn nan fraz sa yo sou do chak moso:

- Li te montre nou fason pou batize (gade Matye 3:13–17).
- Li te montre lanmou pou lòt moun (gade Mak 10:13–16).
- Li te padone moun ki te blese li (gade Lik 23:34).
- Li te montre nou kijan pou n priye (gade Matye 6:5–13).

Chante: "I'm Trying to Be like Jesus" (CS, 78–79). Mande timoun yo pou eksplike kisa chan an anseye. Montre yon foto Kris la, epi di timoun yo ke li te anseye nou anpil bagay atravè egzanp pafè li. Divize yo an kat gwoup, epi bay chak gwoup youn nan moso puzzle yo ak kèk moso papye blan.



Lè w ap anseye prensip levanjil yo, ede timoun yo jwenn fason pou aplike yo nan lavi yo.

Mande yo pou li ekriti a ansanm epi apresya desine foto sou fason yo ka suiv egzanp Kris la. Envite chak gwoup pou eksplike ekriti yo ak foto yo epi mete moso puzzle la nan plas sou tablo a. Apre puzzle la fin sanble, repete ansanm: "Jezikri se egzanp pafè pou mwen."

2zyèm ak 3zyèm semèn: Jezikri te anseye m bon fason pou viv.

Idantifye doktrin nan (chante yon chan): Chante: "Choose the Right Way" (CS, 160–61), epi mande mwatye nan timoun yo pou koute pou wè fason nou kapab gen kè kontan epi lòt mwatye a pou koute pou wè sa k ap ede nou ak montre nou kijan nou kapab fè sa. Pale sou sa timoun yo te aprann nan chan an.

Ankouraje konpreyansyon (jwe yon jwèt devinèt epi li ekriti yo): Prepare mo akòdeyon ki gen pawòl sa yo ak referans ekriti sa yo ekri: *grangou* (Matye 5:6); *briye* (Matye 5:16); *renmen* (Matye 5:44); ak *priye* (Matye 6:6). Montre foto Diskou sou mòn nan. Eksplike ke Jezi te ale sou yon mòn pou anseye disip li yo; sa li te anseye yo rele Diskou sou mòn nan kounyeya. Montre mwatye timoun yo youn nan akòdeyon yo, epi mande yo pou jwe wòl sou mo a pou lòt timoun yo ka devine. Li ekriti korespondan an ansanm, epi ede

timoun yo konprann sa Kris te anseye yo ak fason nou kapab suiv egzanp li. Repete menm bagay la avèk lòt mo ak ekriti yo.



[Klike la a pou bann mo.](#)

Ankouraje aplikasyon (*diskite sou ka etid yo*): Sou kat moso papye blan ekri ansèyman sa yo Jezi te bay: (1) Grangou ak swaf pou lajistis, (2) Fè limyè ou briye, (3) Renmen enmi ou, (4) Priye Papa nou ki nan syèl la. (Panse pou itilize foto ki ilistre ansèyman sa yo pou timoun ki pi piti yo.) Mete papye yo nan plizyè kote nan sal la. Prepare ka etid yo (gade TAPGPGA, 161–62) ki ede timoun yo konprann kijan pou aplike

ansèyman sa yo. Pa egzanp: “Yon moun nan lekòl la ap takinen ou ak joure ou. Kisa w t ap fè?” Re-pase ekriti nan jwèt devinèt la yo dekri anlè a, epi di yo ke papye ki sou mi yo nan sal la koresponn ak ekriti yo. Li yon ka etid pou timoun yo, epi envite yo pou kanpe devan papye ki gen ansèyman k ap ede yo chwazi bon bagay la. Mande kèk timoun pou di ki chwa yo t ap fè.



Fè timoun yo li fò nan ekriti yo. Se pou ou konsyan de kapasite chak timoun, epi ede yo chak patisipe avèk siksè.

4yèm semèn: Mwen santi lanmou Sovè m nan lè m eseye vin tankou Jezikri.

Ankouraje konpreyansyon (*chante yon chan e fè chwa*): Chante “I Feel My Savior’s Love” (CS, 74–75). Ekri plizyè ka pou etid ki ilistre fason yon timoun ta ka suiv youn nan ansèyman Kris yo. Epitou mete yon referans ekriti kote li ka jwenn ansèyman sa a. Men kèk egzanp.

Mande yon timoun pou li youn nan ka etid yo. Epi mande li pou li repons yo youn apre lòt. Envite lòt timoun yo pou kanpe lè yo tandè repons ki reprezante suiv egzanp Jezi. Envite kèk timoun pou li ekriti a fò, epi pale sou sa Jezi te anseye a. Pale sou fason suiv egzanp Jezi nan sitiyasyon sa yo kapab ede nou santi lanmou Sovè a. Repete sa avèk chak ka etid.

Sara te di ti sè l la pou l pa itilize kreyon l yo, men ti sè a te itilize yo kanmèm. Pou l ka tankou Jezi, Sara ta ka:

- Fache avèk sè l la.
- Sere kreyon l yo.
- Padone sè l la.

Matye 18:21–22.

Ankouraje aplikasyon: Envite timoun yo pou yo fè sa Jezi t ap vle yo fè semèn sa a. Di yo ke semèn pwochèn nan ou pral mande kèk nan yo pou pataje sa yo te fè ak kijan yo te santi lanmou Sovè a.

Jan ap jwe foutbòl avèk zanmi l yo, e li remake yon lòt tigason ki kanpe bò kote l ap gade jwèt la. Pou l ka tankou Jezi, Jan ta ka:

- Pase tigason an nan betiz paske l poukont li.
- Inyore tigason an e kontinye jwe avèk zanmi l yo.
- Envite tigason an pou jwe foutbòl avèk yo.

Jan 13:34.

Èd pou dirijan mizik la

Pou ede timoun yo aprann yon nouvo chan, panse sou bagay sa yo:

- Envite timoun yo pou sinyale lè yo chante yon mo espesifik oubyen pou konte sou dwèt yo konbyen fwa yo chante yon mo. Pa egzanp, chante “He Sent His Son” (CS, 34–35), epi mande yo pou yo konte sou dwèt yo konbyen fwa yo chante mo “His Son” nan.
- Chwazi yon foto ak yon mo ki reprezante chak fraz nan yon chan, epi mete yo sou yon moso papye. Pa egzanp, lè w ap



chante “Il envoya son Fils aimé” (CS, 34–35), ilistre fraz ki di: “Comment le Père a t il donné son amour, sa tendresse?” la. avèk foto yon kò ki gen mo *tandrès la ekri sou li*. Pou fraz “Il envoya son Premier né, l’enfant de la promesse” la, montre foto nativite a ak mo *lapè a*. Ou gen dwa enplike timoun yo nan fè yo kenbe imaj yo pandan y ap chante a.

Mwen chwazi bon bagay lè m batize ak konfime kòm manm Legliz la

Chante: “When I Am Baptized”
(CS, 103)

Konsèy: Pou aktivite nan 1er semèn nan, ou gen dwa envite yon timoun pou pote yon sachè plen wòch tou epi apresya montre kijan repantans se menmjan ak retire wòch yo nan sachè a.

“Repanti, epi youn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padone tout peche nou yo, apre sa na resevwa don Sentespri a” (Travay 2:38).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk nan pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, e ki fason m ka ede yo santi Lespri a?”**

1er semèn: Si m repanti, mwen ka jwenn padon.

Ankouraje konpreyansyon (patisipe nan yon leson objè): Bay chak timoun yon ti wòch. Mande yo pou mete ti wòch la nan soulye yo, epi envite yo pou yo kanpe epi mache. Mande yo kijan yo santi yo pou mache avèk yon ti wòch nan soulye yo. Mande kijan peche se tankou ti wòch la. (Nou pa santi n byen; li rann nou mizerab.) Fè yo retire ti wòch la, epi mande kijan repanti ak resevwa padon Papa nou ki nan syèl la se tankou retire ti wòch la nan soulye nou. Eksplike ke gras avèk



Jezikri, nou ka repanti e resevwa padon pou peche nou yo. Rann temwayaj ke repantans se yon benediksyon mèveye Papa nou ki nan Syèl la ba nou e li pote lajwa pou nou.

2zyèm semèn: Lè m batize ak konfime, m ap suiv egzanp Jezi.

Ankouraje konpreyansyon (jwe yon jwèt memwa ak li ekriti): Montre foto Jan Batis k ap batize Jezi ak yon timoun k ap batize. Fè timoun yo gade foto yo pandan 20 segond. Apresya kouvri foto yo epi mande timoun yo pou di ou otan de bagay yo wè ki menm nan de foto yo. Ou gen dwa fè lis repons yo sou tablo a.

Mande timoun yo pou li Doktrin ak Alyans 20:72–74 pou dekouvri kiyès ki ka batize yon moun ak fason yon batèm dwe akonpli. Envite yo pou pataje sa yo jwenn. Di yo ke moun k ap fè batèm nan dwe gen otorite prèttriz la e moun k ap batize a dwe plonje nan dlo, oubyen ale totalman anba dlo a. Montre foto yo ankò. Montre yo ke ni Jezi ni timoun nan te batize plonje nan dlo, pa yon moun ki gen otorite prèttriz la.

Ankouraje aplikasyon (kolore ak chante yon chan): Fè kopi paj 111 nan manyèl gadri a, *Behold Your Little Ones*, pou chak timoun ka kolorye. Chante “Baptism” (CS, 100–101), epi ankouraje timoun yo pou yo batize menm jan Jezi te batize a. Envite yon timoun ki fèk sot batize pou pale lòt timoun yo de batèm ni.



[Klike la a pou paj manyèl gadri a.](#)

3yèm semèn: Sentespri a kapab ede mwen.

Identifye doktrin nan (gade yon leson objè):


Fè yon timoun kanpe bò pòt la. Bouche je li, epi fè l eseye jwenn chèz li pou l chita san moun pa ede li. Refè aktivite a, men fwa sa a mande yon lòt timoun pou gide timoun ak je bouche a nan touche bra li ak mennen l al nan chèz la. Pale avèk timoun yo sou rezon ki fè li te pi fasil pou timoun nan jwenn chèz li a dezyèm fwa a. Eksplike ke Sentespri a kapab ede nou nan ba nou direksyon

nan lavi nou. Envite timoun yo pou yo repete: “Sentespri a kapab ede mwen.”

Ankouraje konpreyansyon (chante yon chak ak jwe yon jwèt konparezon): Ekri mo ede a sou tablo a. Chante “The Holy Ghost” (CS, 105), epi envite timoun yo pou konte bagay yo mansyone nan chan an ke Sentespri a fè pou nou yo.

Anvan Primè a, prepare 10 moso papye avèk CBB desine sou yon bò. Nan do chak papye, ekri youn nan 5 fraz sa yo ki dekri fason Sentespri a ede nou:

Sentespri a rekonfòte nou, Sentespri a temwaye de Jezikri, Sentespri a anseye nou, Sentespri a di nou kisa pou nou fè oswa sa pou n pa fè, epi Sentespri a ede nou fè bon bagay (chak fraz ap sou de papye diferan). Mete papye yo sou tablo a nan lòd gaye avèk CBB a ki fè timoun yo fas. Envite yon timoun pou vire youn nan papye yo. Repete mo ki ekri nan do a ansanm. Chwazi yon lòt timoun pou vire yon lòt papye epi eseye fè l matche. Repete mo ki ekri sou do yo ansanm. Si papye yo matche, retire yo sou tablo a. Si yo pa matche, mete yo fas anba ankò. Repete sa jiskaske yo tout fin matche.



[Klike la a pou logo.](#)

Ankouraje aplikasyon (diskite sou ekriti yo):

Divize timoun yo an gwoup. Bay chak gwoup youn nan referans ekriti sa yo: Jan 14:26; Jan 15:26; 2 Nefi 32:5; D&A 11:12. Mande chak gwoup pou li ekriti yo a epi diskite sou siyifikasyon li. Envite timoun yo ak enstrikte yo pou pataje egzanp sou fason yo te santi enfluyans Sentespri a.



Itilize timoun yo nan demonstrasyon ak èd vizyèl la ap kapte atansyon yo ak ankouraje aprantisaj.

4yèm semèn: Lè m pran Sentsèn mwen renouvle alyans batèm mwen yo.

Ankouraje konpreyansyon (diskite sou alyans ak li ekriti): Eksplike ke yon alyans se yon pwomès sakre ant nou menm ak Papa nou ki nan Syèl la, nou pwomèt pou nou fè kèk bagay, e lè nou fè yo, li pwomèt pou beni nou. Raple timoun yo ke nou fè yon alyans avèk Papa nou ki nan syèl la lè nou batize, epi eksplike ke nou renouvle alyans

sa a lè nou pran Sentsèn nan. Prepare bann mo avèk fraz nan priyè Sentsèn nan ki eksplike sa nou pwomèt lè nou pran Sentsèn nan ak sa Papa nou ki nan Syèl la pwomèt nou (gade Doktrin ak Alyans 20:77, 79). Bay kèk nan timoun yo bann mo yo, epi fè yo kanpe nan bon lòd la pandan w ap li ekriti yo fò.

Preparasyon: Chèche gidans Lespri a lè w ap prepare leson yo epi adapte ide yo ak laj, kapasite, ak sityasyon timoun yo. Pa egzanp, kèk ide pou leson an ap pran sèlman kèk minit pou anseye. Ou gen dwa anvii ranfòse leson an avèk pwòp ide pa ou.



Enplike tout timoun yo: Ou gen dwa enplike timoun ki pi piti yo nan mete yo ade avèk sa ki pi gran yo. Pa egzanp, nan aktivite nan 4yèm semèn nan, timoun ki pi piti yo kapab kenbe mo yo pandan ke timoun pi gran yo ap ede yo kanpe nan bon lòd la.

[Klike la a pou bann mo.](#)

Mwen chwazi bon bagay lè m viv prensip levanjil yo

Chante: “Nephi’s Courage”
(CS, 120–21)

Men Nephi te di: “M prale e m ap fè bagay Senyè a te kòmande yo, paske m konnen Senyè a pa bay pitit lèzòm okenn kòmandman san li pa prepare yon mwayen pou yo kapab akonpli bagay li kòmande yo.” (1 Nefi 3:7).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou yo aprann, epi kijan m ka ede yo santi Lespri a?”**

1er semèn: Mwen priye Papa nou ki nan syèl la pou m gen fòs pou m fè sa ki byen.

Envite Lespri a: Si ou anseye avèk Lespri, Sentespri a ap rann temwayaj sou verasite prensip levanjil w ap anseye yo (gade APGPGA, 45–46).

Ankouraje konpreyansyon (pale sou priyè): Montre timoun yo yon telefòn oswa yon lòt fòm kominikasyon. Pale sou fason pou itilize li. Mande yo kijan nou ka kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la. Eksplike ke jis menmjan nou konpoze yon nimewo pou pale avèk yon moun nan telefòn nan, se konsa tou nou kapab priye pou kominike avèk Papa nou ki nan syèl la, nou ka mande li fòs pou nou fè sa ki byen. Bay chak klas foto yon diferant kalite priyè (pa egzanp, priyè pèsònèl, priyè famiyal, benediksyon sou manje, oswa priyè nan klas). Mande chak klas pou montre lòt timoun yo foto pa yo a epi di yo ki kalite priyè yo montre ladan, ak kilè, ki kote, ak poukisa yo fè kalite priyè sa a.

Ankouraje aplikasyon (jwe yon jwèt): Fè yon ti twou nan pwent de bwat lèt vid, epi konekte bwat lèt yo avèk yon fil. Tire fil la byen tire, epi fè timoun yo pran tan pou, trankilman nan youn nan bwat yo, di yon bagay yo ta ka priye Papa nou ki nan Syèl la pou li pandan y ap eseye fè sa ki byen an (pa egzanp, di laverite, gen reverans, oswa rete janti). Fè yon lòt timoun koute nan lòt bwat la. Pataje (oubyen mande yon timoun pou pataje) yon eksperyans kote Papa nou ki nan syèl la te ba ou fòs pou fè sa ki byen. Temwaye ke Papa nou ki nan syèl la tandè ak reponn priyè nou yo e l ap ba nou fòs pou nou fè sa ki byen.



2zyèm semèn: Lè m peye dim mwen, Papa nou ki nan syèl la beni mwen.

Idantifye doktrin nan e ankouraje konpreyansyon (gade yon demonstrasyon): Eksplike ke dim se bay Senyè a atravè Legliz li a yon dizyèm nan lajan ou fè. Montre timoun yo dis santim. Mande yo konbyen santim ou ta dwe itilize pou

peye dim. Montre yo yon anvlop dim ak yon fèy don, epi eksplike ke nou peye dim nan ranpli fèy don an, mete l nan yon anvlop, epi pote li bay evèk la oswa youn nan konseye l yo.




Ankouraje aplikasyon (*jwe yon jwèt epi koute temwayaj*): Montre foto ak objè ki reprezante benediksyon ki vini nan peye dim, tankou tanp, chapèl, yon liv chan, *Liv Chan timoun yo*, yon manyèl Primè, ak ekriti yo. Di timoun yo ke fon dim yo nan Legliz la kapab reyalize bagay sa yo. Kouvri foto yo ak objè yo. Retire youn oubyen de. Retire kouvèti a epi mande timoun yo pou yo devine sa ki manke a. Repete sa plizyè fwa. Eksplike ke gen lòt benediksyon nou pa ka wè ki vini nan peye dim tou (gade 3 Nefi 24:10). Fè youn oubyen de adilt pale sou benediksyon yo te resevwa nan peye dim.



Èd vizyèl: Timoun yo ap aprann pi byen ak sonje pi lontan lè w prezante ide yo avèk imaj ak lòt èd vizyèl (gade APGPGA, 176, 182–83).

3yèm semèn: Mwen obeyi Pawòl Sajès la nan manje ak bwè sa ki bon e evite sa ki pa bon.

Ankouraje konpreyansyon (*li ekriti yo ak jwe yon jwèt*): Li ansanm 1 Korentyen 3:16–17. Envite timoun yo pou pataje sa ekriti sa a vle di pou yo. Eksplike ke Papa nou ki nan Syèl la vle nou pran swen kò nou. Mete foto plizyè kalite manje, bwason, ak lòt bagay ki oswa bon oswa pa bon pou kò a (tankou fwi, legim, pen, alkòl, ak sigarèt) nan yon veso. Fè kopi paj 43 a nan manyèl gadri a, epi koupe l an plizyè moso. Fè timoun yo youn apre lòt retire foto yo nan veso a. Si sa ki nan foto




[Klike la a pou paj manyèl gadri a.](#)

a bon pou nou, fè yon timoun mete moso puzzle la sou tablo a. Si bagay la pa bon, retire yon moso puzzle. Kontinye jiskaskè tout puzzle la konplè (w ap bezwen gen plis bon bagay pase move bagay nan veso a). Mande youn adilt oswa youn timoun pou pataje kèk nan benediksyon li resevwa paske l obeyi Pawòl Sajès la (gade D&A 89:18–21).

4yèm semèn: Lè m abiye ak modesti, mwen respekte kò mwen kòm yon kado Bondye

Idantifye doktrin nan (*gade yon foto epi li ekriti yo*): Ekri bagay sa a sou tablo a: “mwen se yon ____” Montre foto yon tanp. Mande “Poukisa tanp yo si espesyal?” Fè timoun yo gade nan 1 Korentyen 6:19. Mande yo pou yo chèche wè sa yo di osijè kò yo pandan w ap li ekriti a byen fò avèk ou. Mande yo ki mo ki ap konplete fraz la ki sou tablo a (*kò, tanp*). Envite timoun yo pou yo kanpe epi repete fraz la ansanm.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (*chante yon chan ak diskite*): Di timoun yo ke kò nou se tanp kote Sentespri a kapab demere. Chante premye kouplè chan “The Lord Gave Me a Temple” la (CS, 153). Envite timoun yo pou pataje fason Papa nou ki nan syèl la vle nou abiye ak poukisa. Eksplike ke pwofèt Bondye yo toujou konseye pitit li yo pou yo abiye ak modesti. Envite timoun yo pou yo koute pou wè ki pati nan kò yo ki dwe kouvri, pandan w ap li nan seksyon “Abiman ak aparans” la nan bwochi *Pou fòs jèn yo*. Mande yo pou yo panse sou yon fason yo kapab abiye ak modesti. Lanse yon bagay ki mou bay youn timoun epi envite li pou pataje ide li. Mande li pou voye bagay la sou youn lòt timoun, ki pral pataje ide pa li. Kontinye avèk lòt timoun yo.



Mwen chwazi bon bagay lè m viv prensip levanjil yo

Chante: “The Wise Man and the Foolish Man” (CS, 281) oswa yon chan ou chwazi nan Children’s Songbook

“Se poutèt sa, an nou respekte kòmandman Senyè a” (1 Nefi 3:16).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m ka ede yo santi Lespri a?”**

1er semèn: Jèn ak lapriyè kapab fòtifye temwayaj mwen



[Klike la a pou bann mo.](#)

Idantifye doktrin nan (gade yon leson objè): Prepare de bann mo: Jèn ak Lapriyè. Envite de timoun pou kanpe youn kote lòt, epi bay chak timoun youn nan bann mo yo. Fè yon lòt timoun pase nan mitan yo. Mande premye de timoun yo pou yo byen mare bra yo ansanm, epi mande lòt timoun nan pou eseye pase nan mitan yo ankò. Montre yo kijan de timoun yo solid lè yo makònen ansanm. Eksplike ke jèn ak lapriyè pi puisan lè nou itilize yo ansanm. Ekri: “Jèn ak lapriyè kapab fòtifye temwayaj mwen” sou tablo a, epi fè timoun yo repete li ansanm.

Ankouraje konpreyansyon (kout ekritye yo ak patisipe nan yon leson objè): Mande timoun yo pou koute kisa pitit gason Mozya yo te fè pou yo te vin solid nan levanjil la pandan w ap li Alma 17:2–3. Envite timoun yo pou gonfle mis nan bra yo chak fwa yo tande yon bagay ki te ede pitit gason Mozya yo vin fò.

Fè yon pale sou jèn kote w ap poze plizyè kesyon tankou: “Kisa jèn ye?” “Poukisa nou dwe jene?” “Kilè nou dwe jene?” e “Poukisa nou dwe priye lè n ap jene?” (gade Joseph B. Wirthlin, “The Law of the Fast,” *Ensign*, Me 2001, 73–75). Fè chak timoun ki di yon bagay kenbe youn nan pwent yon moso

fil oswa kòd. Kenbe lòt pwent chak moso fil yo nan men ou. Nan fen diskisyon an, mande timoun ki kenbe fil yo pou vini nan mitan sal la epi trese tout pwent yo ansanm, pou yo fòme yon kòd solid.



Yon demonstrasyon vizyèl ede timoun yo konprann konsèp ki abstrè yo.

Eksplike ke chak moso fil nou ajoute sou kòd la fè l vin pi solid. Ede timoun yo konprann ke nan menm fason an tou, chak fwa nou jene ak priye nou ajoute fòs sou temwayaj nou.

Ide: Lè w ap anseye sou jèn, sonje ke timoun ki pi piti yo pa bezwen jene.

2zyèm semèn: Jantiyès se fè ak di lòt moun bon bagay.

Idantifye doktrin nan (resite yon ekritye): Ekri “se pou nou aji byen youn ak lòt” (Efezyen 4:32) sou tablo a avèk nimewo 1 rive 8 ekri anba chak mo. Bay chak timoun yon nimewo soti 1 rive 8. Kòmanse fè tout nimewo 1 yo kanpe epi repete “se pou” epi apresya chita byen vit. Apresya fè nimewo 2 yo kanpe epi repete “nou,” epi chita byen vit. Kontinye menm jan an avèk rès fraz la. Refè sa plizyè fwa. Epi fè tout timoun yo repete fraz la ansanm.

Ankouraje konpreyansyon (kout yon istwa ak chante yon chan): Rakonte timoun yo yon istwa sou jantiyès, tankou “Defann Caleb” (*Friend*, Mas. 2009, 4–5). Mande yo pou leve dwèt pous yo lè yo tande yon aksyon jantiyès nan istwa a epi mete pous yo anba lè yo tande yon aksyon ki pa janti. Chante “Kindness Begins with Me” (CS, 145). Mande epi mete yo pou kanpe lè yo chante ak ki-moun nou dwe janti. Chante chan an ankò, epi fè yo pwente dwèt pous yo sou tèt yo lè y ap chante: “Jantiyès kòmanse avèk mwen menm.”


Ankouraje aplikasyon (*pataje fason pou yo janti*): Idantifye plizyè moun nan lavi timoun yo (tankou papa, manman, sè, frè, granpapa, zanmi, oswa pwofesè) avèk yon mo akòdeyon, yon foto, oswa yon senp bagay (tankou yon kravati pou papa yo, oswa yon baton pou gran papa yo). Bay kèk nan timoun yo bagay yo, epi envite yo pou yo vini devan klas la. Fè chak timoun pataje yon bon bagay yo ta kapab di oswa fè pou moun nan objè yo a reprezante a. Epi fè yo pase mo akòdeyon, foto, oswa objè yo bay lòt timoun yo. Refè sa si ou gen ase tan.



Itilize timoun nan demonstrasyon vizyèl yo ap angaje timoun yo epi sa ap ede yo pote atansyon ak lòt timoun yo tou.


3yèm semèn: Reverans se pwofon respè ak lanmou pou Bondye.

Idantifye doktrin nan (*chante yon chan*): Prepare plizyè kolye an fil avèk yon kè an papye tache nan chak. Ekri yon mo oswa fraz kle ke w ap pran nan chan “Reverence Is Love” an (CS, 31) sou chak kè (pa egzanp, *chita dousman, panse, santiman*, etsetera). Envite plizyè timoun pou mete kolye yo. Chante “Reverans se lanmou,” epi mande timoun ki gen kolye yo pou mache ak reverans vin devan sal la lè yo tande yo repete mo ki ekri sou kè yo a nan chan an. Envite timoun ki gen kolye yo pou kanpe annòd, epi chante chan an ansanm ankò.




[Klike la a pou kè.](#)

Ankouraje aplikasyon (*diskite sou reverans*): Prepare mo akòdeyon oubyen desine senp foto je, men, pye, zòrèy, bouch, ak lespri. Divize timoun yo an gwoup, epi fè chak gwoup chwazi youn oubyen de akòdeyon oswa foto. Fè chak gwoup pataje (avèk mo ak aksyon) plizyè fason pati sa a nan kò yo a kapab reveran nan montre respè ak lanmou pou Bondye.



Ekriti: Fè timoun yo li nan liv ekriti pa yo ap ranfòse enpòtans ekriti yo e envite Lespri. Si posib, envite timoun yo pou make vèsè yo nan liv ekriti yo a epi apresya li yo ansanm.



[Klike la a pou imaj.](#)

4yèm semèn: Onètete se di laverite kèlkeswa konsekans lan.

Ankouraje konpreyansyon (*diskite sou konsekans*): Prepare plizyè ka etid (gade APGPGA, 161–62) kote timoun yo ap fè fas ak chwa pou yo onèt oswa malonèt. Pa egzanp: “Ou frape frè w la, epi manman ou mande w poukisa l ap kriye.” Mande: “Ki konsekans sa t ap pote si ou onèt?” Epi mande: “Ki konsekans sa t ap pote si ou pa onèt?” Ede timoun yo dekouvri ke konsekans imdeyat pou onètete yo gen dwa difisil men konsekans alontèm mennen nan lapè ak bonè.

Ankouraje aplikasyon (*kreye yon powèm*): Envite chak klas (avèk èd enstriktè yo) pou kreye yon fraz yon liy oswa yon powèm sou onètete. Pa egzanp: “Si m di laverite, mwen pa p jamè, jamè echwe!” Envite chak klas pou pataje fraz yo a avèk lòt timoun yo. Ankouraje yo pou repete fraz la kèlkeswa lè yo jwenn tantasyon pou yo pa onèt.

Mwen chwazi pou ranpli lavi m avèk bagay ki envite Lespri.

Chan: “I’m Trying to Be like Jesus”
(CS, 78–79)

“Si gen nenpòt bagay ki gen vèti, ki emab, oubyen ki gen bon rapò oubyen ki atire louwanj, nou chèche bagay sa yo” (Atik Lafwa 1:13).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak ki fason m ka ede yo santi Lespri a?”**



Istwa: Rakonte istwa kapte atansyon timoun yo epi sa ede yo asosye yo ak doktrin nan. Aprann istwa yo byen pou ou kapab pataje yo nan pwòp mo pa ou avèk ekspresyon ak eksitasyon.

Estasyon: Si klas Primè w la anpil, panse pou fè enstriktè yo deplase soti nan yon estasyon al nan yon lòt olye ou mande timoun yo pou yo deplase.

1er semèn: Fè bon zanmi ap ede m chwazi bon bagay.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (koutte yon istwa): Rakonte istwa sa a: “De tigason te jwenn yon pè soulye ize bò wout la. Pi lwen yo te wè yon mesye ki t ap mache nan yon jaden. Youn nan tigason yo te sigjere pou yo kache soulye yo epi veye reyaksyon mesye a.” Mande timoun yo pou yo di kisa yo t ap di tigason sa a. Apresa rakonte rès istwa a: “Lòt tigason an te sigjere ke olye yo te kache soulye yo, yo ta dwe mete yon pyès kòb nan chak grenn soulye, e se sa yo te fè. Mesye a te retounen tousuit. Lè l te wè kòb yo, li

te si anvayi ak gratitud ke li te mete ajenou e li te fè yon priyè remèsiman. Li te pale de madanm ni, ki te malad, ak pitit li yo, ki pa t gen manje, epi li te mande Senyè a pou beni kèlkeswa moun ki te ede l la. Tigason yo te santi yon chalè nan kè yo epi yo te rekonesan dèske yo te chwazi fè bon bagay” (gade Gordon B. Hinckley, in Conference Report, Apr. 1993, 71; or Ensign, May 1993, 54). Envite plizyè timoun pou pataje lè kote bon zanmi yo te ede yo chwazi bon bagay.

2zyèm semèn: Mwen ta dwe li, koute, ak gade bagay ki fè Papa nou ki nan syèl la plezi.

Idantifye doktrin nan (gade yon leson objè): Montre timoun yo yon bòl ranpli ak fwi ak yon bòl ranpli ak tè. Mande yo kiyès ki ta bon pou manje e poukisa. Eksplike ke Papa nou ki nan syèl la vle nou ranpli lespri nou ak bagay ki bon pou nou olye de bagay ki destriktè. Envite yo pou yo repete: “Mwen ta dwe li, koute, ak gade bagay ki fè Papa nou ki nan syèl la plezi,” pandan y ap fè jès ak men yo pou li, koute, ak gade.

Ankouraje konpreyansyon (diskite doktrin nan): Di timoun yo ke si nou fè chwa ki pa fè Papa nou ki nan Syèl la plezi nou ka pèdi yon bagay enpòtan. Mande yo pou yo koute kisa bagay enpòtan an ye pandan w ap li premye paragaf anba tit “Divètisman ak medya” a nan bwochi *Pou fòs jèn yo* (gade “Prensip Levanjil” mwen yo tou). Mande timoun yo si yo tande kisa nou pèdi si nou fè move chwa (Lespri a). Divize timoun yo an twa gwoup epi fè yo youn apre lòt vizite twa estasyon sa yo: “Li,” “Koute,” ak “Gade.” Nan chak estasyon envite yo pou yo li, koute, oswa gade yon bagay ki fè Papa nou ki nan syèl la plezi. Diskite sou fason yo santi yo lè yo li, koute, ak gade bagay ki fè Bondye plezi.



Zyèm ak 4yèm semèn: Mwen ta dwe fè bagay ki ap ede m rete tou pre Papa nou ki nan syèl la jou Saba.

Idantifye doktrin nan (memorize yon ekriti):

Di timoun yo ke ou pral ba yo kèk ide pou yo dekouvri yon mesaj enpòtan. Ekri premye lèt chak mo nan Egzòd 20:8 la sou tablo a (T S J S P S L). Eksplike ke lèt yo se premye lèt nan chak mo nan mesaj la. Bay pwochen ide a kote w ap montre yon foto Mozyiz ak Dis Kòmandman yo. Epi envite timoun yo pou gade Egzòd 20:8 epi li l ansanm. Kite timoun yo dekouvri koneksyon ant lèt yo sou tablo a ak ekriti yo. Ede yo memorize ekriti a nan montre lèt yo sou tablo a pandan y ap repete ekriti a plizyè fwa.

Ankouraje konpreyansyon (diskite ak kolorye):

Divize timoun yo an kat gwoup. Bay chak gwoup yon paragaf nan seksyon “Obsève Jou Saba a” nan bwochi *Pou fòs jèn yo* pou yo li. Mande yo pou yo diskite sou paragaf la nan gwoup yo a epi apresya pataje sa yo te aprann ak lòt timoun yo. Bay chak timoun yon moso papye, epi envite yo pou yo fè desen bon bagay nou ka fè nan jou Saba a. Mande kèk timoun pou pataje desen yo a avèk rès Primè a. Ankouraje yo pou pataje sa yo te aprann yo avèk fanmi yo lakay yo.

Ankouraje konpreyansyon (fè yon aktivite ekriti):

Anvan Primè a, prepare yon panye ranpli ak ti moso papye ki reprezante lamàn pou w itilize nan aktivite sa a. Ekri kesyon sa yo sou tablo a:

- Ki manje Senyè a te bay Izrayelit yo nan dezè a?
- Ki kantite yo te ranmase chak jou?
- Kisa yo te gen pou fè nan sizyèm jou a?
- Kisa ki te diferan nan Saba a?



Fè timoun yo koute repons yo pandan w ap rakonte istwa Izrayelit yo ki t ap ranmase lamàn nan (gade Egzòd 16:11–31). Mande yo pou yo kanpe lè yo tandè repons pou youn nan kesyon yo. Fè yon timoun rakonte pati istwa a ki reponn kesyon an ankò. Epi kontinye avèk rès istwa a. Lè w fini, pale avèk timoun yo sou rezon ki fè Senyè a pa t vle pou Izrayelit yo ranmase lamàn nan jou Saba a. Fè timoun yo fèmen je yo epi pretann ke y ap dòmi. Byen vit simaye “lamàn” nan tout sal la. Mande timoun yo pou louvri je yo epi ranmase pati lamàn pa yo (youn oswa de moso). Mande yo pou mete lamàn nan nan yon panye. Pandan ke chak timoun ap fè sa, mande yo pou pataje yon fason apwopriye pou sanktifike jou Saba a.





Adapte aktivite yo ak gwosè klas ou a ap ede ou angaje plis timoun. Nan aktivite sa a, si klas Primè w la anpil, panse pou prepare plizyè panye epi divize timoun yo an ti gwoup.

Èd pou dirijan mizik la

Pou ede timoun yo aprann chante “I’m Trying to Be like Jesus” la (CS, 78–79), panse fè bagay sa yo:


- Chante chan an pou timoun yo. Envite yo pou konte sou dwèt yo konbyen fwa ou chante mo *eseye* oswa *ap eseye a*. Chante chan an ankò, epi mande timoun yo pou bat men yo nan rit mizik la pandan w ap chante.

- Mete senp foto avèk mo kle nan chak koupè chan an toutotou klas Primè w la (tankou *suiv*, *renmen*, *fè ak di*, *tante*, ak *koute*), pandan w ap kite mi devan klas la san anyen. Mande timoun yo pou koute pandan w ap kòmanse chante chan an. Envite yo pou yo montre foto yo panse ki matche avèk mo w ap chante yo. Mande youn nan timoun yo pou deplase li mete sou mi devan an. Fè chak moun chante rive nan mo sa a nan chan an. Kontinye chante e repete aktivite a pou chak foto. Apres a fè timoun yo chante tout chan an plizyè fwa. Briyèman temwaye sou enpòtans pou eseye vin menmjan ak Jezi a.



[Klike la a pou imaj.](#)

Desine: Fè timoun yo desine sa yo aprann ap ranfòse konpreyansyon yo sou doktrin nan. Pou pi byen ranfòse aprantisaj yo a, ankouraje yo pou yo pataje desen yo avèk fanmi yo.



Dis kòmandman yo anseye m pou m renmen Bondye ak pitit li yo.

“Si nou renmen m nou dwe sèvi m epi respekte tout kòmandman m yo” (D&A 42:29).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak ki fason m ka ede yo santi Lespri a?”**



1er semèn: Nou beni lè nou respekte kòmandman yo.

Idantifye doktrin nan (gade yon leson objè):


Envite yon manman pou pote ti bebe li nan klas la pou peryòd echanj. Envite timoun yo pataje kèk règ ki ap ede kenbe tibebe a an sekirite. Di yo ke nou tout se pitit Papa nou ki nan syèl la; li renmen nou e li ba nou règ oswa kòmandman ki ap kenbe nou an sekirite ak fè nou gen kè kontan. Montre yon foto Moyiz ak Dis Kòmandman yo, epi brèfman di timoun yo kijan Moyiz te resevwa kòmandman yo (gade Egzòd 19–20).

Ankouraje konpreyansyon (chante chan):

Ekri twa fraz sa yo sou tablo a: “Respekte ak adore Bondye,” “Onore paran,” ak “Respekte lòt moun.” Di timoun yo ke Dis Kòmandman yo kapab separe an twa kategori sa yo. Divize timoun yo an gwoup epi ba yo chak yon chan ki anrapò ak youn nan kategori yo. Mande chak gwoup pou deside kimoun ki pral chante chan an (pa egzanp, ti gason sèlman, ti fi sèlman, oswa moun ki abiye an wouj). Apre chan an fini, mande yon timoun pou plase chan an nan bon kategori a. Panse pou w itilize chan sa yo: “Saturday” (CS, 196), “Quickly I’ll Obey” (CS, 197), “My Dad” (CS, 211), “The Church of Jesus Christ” (CS, 77), ak “Kindness Begins with Me” (CS, 145).

Ankouraje aplikasyon (chante yon chan):

Chante: “Keep the Commandments” (CS, 146–47), epi mande timoun yo pou pote atansyon ak pwomès nou resevwa lè nou respekte kòmandman yo. Envite yo pou yo pataje ki benediksyon yo jwenn lè yo respekte kòmandman yo.



2zyèm semèn: Mwen dwe respekte ak adore Bondye.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (li ekriti yo):

Eksplike ke kat premye kòmandman Papa nou ki nan syèl te bay Moyiz yo anseye nou ke nou dwe respekte ak adore Bondye. Ekri fraz sa yo sou tablo a. Ekri referans ekriti yo sou kat moso papye.

1. Pinga nou gen lòt Bondye ____ pase mwen menm. (Egzòd 20:3)
2. Pinga nou janm fè okenn ____ _____. (Egzòd 20:4)
3. Pinga nou site non Senyè nou an ____ _____. (Egzòd 20:7)

4. Sonje ____ ____, pou sanktifye li. (Egzòd 20:8)

Divize timoun yo an kat gwoup. Bay chak gwoup youn nan referans ekriti yo, epi mande yo pou yo li ekriti a epi jwenn mo ki koresponn ak fraz la ki sou tablo a. Mande premye gwoup la pou ranpli espas vid yo sou tablo a epi fè lòt timoun yo repete fraz la ansanm. Diskite sou siyifikasyon kòmandman an, epi kite timoun yo sigjere kisa yo ka fè pou obeyi li. Ekri sigjesyon yo sou tablo a. Repete sa avèk lòt gwoup yo. Ankouraje timoun yo pou chwazi youn nan sigjesyon yo ki sou tablo a pou travay sou li pandan semèn nan.



Ti gwoup: Divize timoun yo an gwoup kapab yon fason efikas pou pèmèt plis timoun aktivman patisipe nan leson an.

3yèm semèn: Mwen dwe onore paran mwen.

Idantifye doktrin nan (*memorize yon ekriti*):

Briyèyman repase kòmandman timoun yo te aprann semèn pase a, epi mande kèk timoun pou pataje sa yo te fè pou viv kòmandman sa yo. Divize timoun yo an kat gwoup, epi bay chak gwoup youn nan bann mo yo ki anba la a (gade Egzòd 20:12).

Envite premye gwoup la pou kanpe, repete pawòl ki ekri sou bann mo a, epi chita, epi fè lòt gwoup yo suiv annòd. Fè gwoup yo pase bann mo yo bay youn lòt gwoup, epi repete aktivite a jiskaske tout gwoup yo li chak bann mo. Envite tout timoun yo pou kanpe epi repete kòmandman an ansanm.

**Respekte papa
w ak manman w**

pou w kapab

**viv lontan
nan peyi**

**Senyè Bondye
w la ba ou a.**

[Klike la a pou bann mo.](#)

Ide: *Leson yo jan yo ekri a gen dwa pa pale de bezwen espesifik timoun ou yo. Ou konprann kapasite yo ak sikonstans yo e ou kapab ajiste ide peryòd echanj yo pou rann yo efikas nan Primè w la.*

4yèm semèn: Mwen dwe respekte lòt moun.

Idantifye doktrin nan (*diskite sou respè*): Di timoun yo ke yon moun trè enpòtan ap vini nan Primè a jodia. Mande yo pou montre kijan yo kapab montre respè pou moun sa a. Fè yo devine kiyès moun sa a dwe ye. Fredone “I Am a Child of God” pandan w ap kole yon zetwal an papye sou chak timoun. Eksplike ke tout moun enpòtan epi nou youn dwe trete lòt avèk respè. Di timoun yo ke plizyè nan Dis Kòmandman yo anseye nou kijan pou n respekte lòt moun.

Ankouraje konpreyansyon (*diskite sou ka etid*): Eksplike ke Dis Kòmandman yo anseye nou ke nou pa dwe vòlè ni bay manti; sa se youn nan fason pou montre respè pou lòt moun. Prepare plizyè ka etid (gade APGPGA, 161–62) ki prezante sitiyasyon kote timoun yo ap fè fas ak yon chwa sou onètete. Divize timoun yo an gwoup, epi bay chak gwoup kèk ka pou etidye. Mande yo pou yo li chak ka etid yo epi pale sou fason yo te kapab rete onèt nan chak sitiyasyon.

Chèche opòtinite pou montre lanmou pou chak timoun. Lè ou montre lanmou pou moun w ap anseye yo, yo vin pi sansib ak Lespri a ak pi antouzyas pou aprann (gade APGPGA, 31).



Benediksyon Prètriz yo disponib pou tout moun

“Senyè a di: epi tou, tout moun ki resevwa prètriz sa a yo resevwa m” (D&A 84:35).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak ki fason m ka ede yo santi Lespri a?”**

Kesyon: Poze kesyon efikas ap atire repons rapid nan men timoun yo. Evite poze kesyon ki gen jis wi oswa non kòm repons.



Ide: Se pou ou konsidere sityasyon famiyal timoun yo. Mete aksan sou lefèt ke prètriz la beni tout moun, keseswa gason oswa fi, epi timoun ki pa gen yon detantè prètriz lakay yo kapab beni pa enstriktè nan fwaye, fanmi elaji, ak dirijan Legliz yo.

1er semèn: Jèn gason ki diy yo resevwa prètriz la lè yo gen 12 zan.

Idantifye doktrin nan (gade yon foto): Montre timoun yo yon foto Jezikri k ap enstitiye Sentsèn nan. Eksplike ke Kris la te bay Apot li yo ak disip li yo sentsèn nan Liv Mòmou an, epi li te mande yo pou yo kontinye beni ak distribiye Sentsèn lè li ale. Li ansanm 3 Nefi 18:5–6. Poze timoun yo kesyon tankou: Kimoun ki beni Sentsèn nan epòk nou an? Kimoun ki distribiye Sentsèn nan? Ki pouwa yon moun bezwen genyen pou l kapab beni ak distribiye Sentsèn?

Ankouraje konpreyansyon (diskite sou doktrin nan): Eksplike ke prètriz la se pouwa Bondye pou sèvi ak beni moun sou tè a. Nan dènye jou yo Kris la anseye nou ke tout gason kapab detni prètriz la si li reponn ak de kondisyon. Premye a se pou li gen laj apwopriye a. Mande timoun yo pou yo kanpe lè yo tande w di laj pou yon ti gason resevwa

prètriz la. Konte dousman soti en rive douz. Di yo ke lòt kondisyon an se pou ti gason an diy. Eksplike kisa sa vle di pou yon moun diy, epi eksplike ke ni tigason yo ni tifi yo kapab itilize “Prensip Levanjil mwen yo” pou ede yo konnen kijan pou yo viv diy.

Ankouraje aplikasyon (patisipe nan yon aktivite fizik): Divize timoun yo an gwoup. Bay chak gwoup yon prensip nan “Prensip Levanjil mwen yo.” Mande chak gwoup pou panse ak yon aksyon senp ki reprezante prensip yo a. Di kèk mo pou idantifye prensip la, epi mande gwoup ki gen tach la pou kanpe epi montre aksyon yo. Kontinye jiskaske tout gwoup yo patisipe. Eksplike ke viv prensip sa yo ede tigason yo rete diy pou detni prètriz la ak resevwa òdonans prètriz yo; e sa ede tifi yo rete diy pou resevwa òdonans prètriz, tankou batèm ak òdonans tanp.


2zyèm semèn: Nou resevwa òdonans sali yo atravè prètriz la.



Idantifye doktrin nan (gade yon leson objè): Fè yon timoun kenbe yon parapli louvri. Fè kèk timoun kanpe anba li. Konpare parapli a avèk prètriz la. Montre ke si li t ap fè lapli, tout timoun yo ki anba parapli a t ap resevwa benediksyon pou rete sèk, non pa sèlman timoun ki kenbe l la. Menmjan tou, Bondye bay, atravè prètriz li a, yon mwayen pou tout pitit li yo beni. Atravè prètriz la nou resevwa òdonans sali yo ki pèmèt nou retounen al viv avèk Bondye ankò.

Ou kapab itilize leson objè a pou kapte enterè timoun yo, atire atansyon yo, oswa pou entwodui yon prensip levanjil.

Ankouraje konpreyansyon (mete puzzle ansanm): Ekri chak bagay sa yo sou yon moso papye separe: *batèm, konfimasyon, òdonans prèttriz (pou gason), dotasyon nan tanp, ak sèlman nan tanp.* Koupe chak moso papyye vin tounen yon puzzle. Briyèyman eksplike timoun yo kisa yon òdonans ye (yon seremoni oswa ak sakre ki gen siyifikasyon espirityèl), epi di yo ke gen kèk òdonans prèttriz ki



obligatwa pou nou retounen al viv avèk Papa nou ki nan syèl la. Desine senk mach eskalye sou tablo a, epi mete yon foto Jezikri sou premye mach eskalye. Divize timoun yo an senk gwoup epi bay chak gwoup youn nan puzzle ou te fè yo. Mande yo pou yo sanble puzzle yo epi apresya pataje sa yo konnen sou òdonans la avèk rès Primè a. Fè gwoup yo kole puzzle yo sanble a nan bon lòd sou mach eskalye yo ki sou tablo a.



[Klike la a pou bann mo.](#)

3èm semèn: Mwen ka resevwa pouvwa atravè benediksyon prèttriz yo.

Idantifye doktrin nan (diskite doktrin nan): Mande timoun yo pou leve men yo epi gade yo. Mande yo kijan men yo ede yo jwe, travay, ak prepare pou legliz. Envite yo pou yo mime chak repons. Apresya mande yo kijan moun kapab itilize men yo pou ede lòt. Eksplike ke detantè prèttriz yo kapab itilize men yo pou bay benediksyon ki ap ede nou ak fòtifye nou.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (gade foto ak pataje eksperyans): Mete foto sent-sèn, batèm, konfimasyon, yon benediksyon tibebe, ak administre malad nan tout sal la, epi eksplike sa k ap pase nan chak foto. Envite timoun yo pou trase de men yo sou yon fèy papye epi koupe yo. Fè yo ekri non yo devan chak men yo. Envite yo pou tepe youn nan men an papye yo tou pre yon foto ki montre yon benediksyon oswa òdonans yo te resevwa nan men yon detantè prèttriz. Chwazi kèk men, epi envite timoun sa yo pou pataje sa yo santi sou fason prèttriz la te beni ak fòtifye yo.

Rakonte istwa Jezi k ap beni timoun yo ki nan 3 Nefi 17:11–25 la. Mete yon foto Jezi avèk timoun yo devan sal la, epi envite chak timoun pou kole dezyèm men an papye yo a tou pre foto a. Eksplike ke detantè prèttriz yo gen pouvwa pou aji nan non Jezikri; yo ka beni nou menmjan Jezi t ap fè si l te la.



Ede timoun yo pou yo aktivman angaje nan leson an ap ede yo byen metrize doktrin w ap anseye a.

4yèm semèn: Mwen ka ale nan tanp pou resevwa òdonans pou zansèt mwen yo lè m pi gran.

Idantifye doktrin nan ak ankouraje konpreyansyon (kolorye): Raple timoun yo ke nou bezwen resevwa òdonans prèttriz yo anvan nou ka retounen al viv avèk Papa nou ki nan syèl la. Mande yo pou site kèk nan òdonans sa yo. Eksplike ke anpil moun te mouri san yo pa t gen yon chans pou resevwa òdonans sa yo, e yo bezwen ed nou. Pale timoun yo de youn nan zansèt pa ou ki te mouri anvan l te resevwa òdonans sa yo. Bay chak timoun yon reprezantasyon youn moun

ou koupe nan papye. Mande yo pou yo desine yo menm sou yon bò papye a ak foto zansèt ou te pale a sou lòt bò a. (Si timoun yo konnen youn nan zansèt pa yo ki te mouri san l pa t resevwa òdonans prèttriz yo, yo kapab desine moun sa a. Fè yo repete tèm pou semèn sa a pandan yo kenbe moun an papye yo a devan yo. Mande yo pou montre foto pa yo a lè y ap di mo “Mwen” an ak foto zansèt yo a lè y ap di mo “zansèt” la.

Mwen ka chwazi pou m yon misyonè kounyeya

“Epi li di yo: Ale toupatou sou latè; preche levanjil la bay tout kretyen vivan” (Mak 16:15).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann ak ki fason m ka ede yo santi Lespri a?”**

1er semèn: Mwen ka yon misyonè nan sèvi lòt moun

Ankouraje konpreyansyon (jwe wòl): Li Matye 25:34–40, epi eksplike ke lè nou sèvi lòt moun se Papa nou ki nan Syèl la n ap sèvi tou (gade Mozya 2:17)

epi sèvis ap pote bonè pou nou e ap ede nou vin kapab viv avèk Bondye ankò. Fè plizyè timoun jwe kèk aksyon sèvis, tankou bay yon moun ki grangou manje, fè zanmi ak yon moun ki poukont li, oswa vizite yon moun ki malad. Fè lòt timoun yo devine kisa k ap pase nan chak wòl ki jwe yo. Montre foto kèk misyonè Mande kijan misyonè yo ap sèvi Bondye. Eksplike ke lè nou sèvi lòt moun nou jwe wòl misyonè tou.

Ankouraje aplikasyon (jwe yon jwèt): Fè yon tablo jwèt avèk yon wout ki fèt an sis koulè diferan k ap mennen ale nan yon foto Jezi.

lawoulèt avèk sis pati kolore pou matche avèk koulè yo ki sou tablo jwèt la. Sou chak koulè ekri non yon moun timoun yo ta ka sèvi, tankou yon paran, yon zanmi, ak yon vwazen. Chwazi yon timoun pou vire lawoulèt la epi di kijan li ta ka sèvi moun ki parèt la.

Après fè timoun nan deplase yon pyès

nan jwèt la ale nan pwochen kare ki koresponn ak koulè ki sou lawoulèt la. Repete sa avèk lòt timoun yo jiskaske pyès jwèt la atenn foto Sovè a. Raple yo ke lè nou sèvi lòt moun se Bondye n ap sèvi. Chante “When We’re Helping” (CS, 198).



Klike la a pou tablo jwèt ak lawoulèt.

Jwèt: Jwèt ajoute varyete nan leson yo epi pèmèt timoun yo dyaloge youn ak lòt osibyen ke ranfòse prensip levanjil k ap anseye a nan yon fason amizan.

2zyèm semèn: Mwen ka yon misyonè nan bay bon egzanp.

Pwofite opòtinite pou ankouraje timoun yo pou yo reflechi. Reveye lespri yo avèk kesyon oswa sitiyasyon apwopriye ak laj yo kapab pouse yo aprann.

Idantifye doktrin nan (gade yon leson objè):

Anvan Primè a, bati yon bagay avèk blòk, epi kouvri li pou timoun yo pa wè l. (Si pa gen blòk ki disponib, ou gen dwa desine yon foto sou tablo a epi kouvri desen an avèk yon moso papye.) Dekri bagay ki cache a ak fason ou te bati li. Epi bay kèk timoun kèk blòk epi mande yo pou yo eseye bati yon bagay ki matche ak sa ou te bati a. Lè yo fini, dekouvri pa w la, epi gade ki diferans ki genyen ant yo de a. Mande timoun yo pou rebati pa yo a pandan y ap gade egzanp pa w la. Eksplike ke anpil bagay pi fasil lè nou suiv yon egzanp.



Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon

(*route istwa ak chante chan*): Montre foto epi brèfman rakonte kèk istwa nan ekriti yo kote jèn yo te tabli bon egzanp (pa egzanp, Danyèl ak zanmi l yo k ap refize bwè diven wa a [Daniel 1:5–16]; Shadrach, Meshach, ak Abed-nego [gade Daniel 3:4–29]; ak Danyèl nan fòs lyon an [gade Daniel 6]). Montre foto misyonè yo, epi mande timoun yo nan ki fason misyonè yo se bon egzanp. Eksplike ke lè nou bay yon egzanp, nou se misyonè paske egzanp nou kapab ede lòt moun aprann plis konsènan Jezikri. Pale de lè ou konn wè timoun nan pawas ou oswa branch ou ap tabli bon egzanp.



Mande timoun yo pou chante “Shine On” (CS, 144). Pandan y ap chante a, fè yo sikile yon solèy ki fèt sou yon moso papye nan tout sal la. Chak fwa mizik la kanpe, mande timoun ki kenbe solèy la pou l di kijan li kapab yon bon egzanp (pa egzanp, nan rete janti, di laverite, oswa envite zanmi pou vini nan Primè a).

Envite chak nan timoun yo pou fè pwòp solèy an papye pa yo avèk mo sa yo: “Mwen kapab yon bèl egzanp” ekri sou li. Fè timoun yo leve solèy yo a anlè pandan y ap chante “I Am like a Star” (CS, 163), “Jesus Wants Me for a Sunbeam” (CS, 60–61), oswa “Shine On” (CS, 144).



3yèm semèn: Mwen ka anseye zanmi m yo sou Jezikri ak Legliz li a.

Identifye doktrin nan (*gade yon demonstrasyon*): Bay youn oswa plizyè timoun lamèn epi jwe wòl kote w ap envite yo pou vini nan Primè a pou aprann sou Jezi. Bay moun ki resevwa envitasyon yo enstriksyon pou envite lòt jiskaske tout timoun yo envite. Eksplike ke Senyè a vle pou nou tout misyonè nan anseye zanmi nou sou Jezikri ak Legliz li a.

Ankouraje konpreyansyon (*route yon istwa*): Pataje istwa Prezidan Spencer W. Kimball ki t ap pale de yon tigason nan Primè ki sete yon bon misyonè. Yon mesye nan yon tren te poze tigason an kesyon sou Legliz Mòmòn an. Tigason an te resite

tout Atik Lafwa yo. Mesye a te sitèlman enpresyone palefèt ke jèn tigason sa a te konnen sa l te kwè ke l te ale Salt Lake City pou aprann plis sou Legliz la (gade Conference Report, Oct. 1975, 117–19; oswa *Ensign*, Nov. 1975, 77–79). Eksplike ke aprann Atik Lafwa yo kapab ede nou vin misyonè kounyeya.

Ankouraje aplikasyon (*repase Atik Lafwa yo*): Prepare 13 moso papye avèk yon nimewo soti 1 rive 13 sou chak. Divize timoun yo an gwoup. Fè chak gwoup chwazi yon moso papye epi travay ansanm pou aprann atik lafwa ki koresponn ak nimewo sa a. Lè chak gwoup fin pare, fè yo resite li pou lòt timoun yo epi apresya pran yon lòt papye. Kontinye si gen tan pou fè sa.

Ide: Panse pou itilize ekriti chak mwa yo pou ranfòse nenpòt leson peryòd echanj. Ou gen dwa ekspozè tèm mwa a nan klas Primè a.

4yèm semèn: Mwen ka prepare kounyeya pou sèvi yon misyon apentan.

Identifye doktrin nan (*gade yon leson objè ki anrapò ak travay misyonè*): Prepare yon ti valiz oswa malèt ki gen bagay misyonè apentan yo itilize, tankou soulye pou jou Dimanch, yon kravati, ak ekriti yo. Envite kèk timoun pou rale bagay sa yo nan valiz la epi montre yo pou rès timoun yo ka wè. Mande timoun yo pouki posede bagay sa yo sèlman pa vle di ke yon moun prepare pou l se yon misyonè. Li Doktrin ak Alyans 84:62, epi envite timoun yo pou koute yon lòt bagay chak misyonè bezwen (temwayaj). Temwaye sou enpòtans pou akèri yon temwayaj pèsònèl.

Ankouraje konpreyansyon (*gade foto ak reponn kesyon*): Ede timoun yo konprann pati esansyèl yon temwayaj. Montre foto ki reprezante kèk nan pati sa yo (pa egzanp, Papa nou ki nan syèl la renmen nou, Jezikri se Sovè nou, Joseph Smith se yon pwofèt, Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se vrè Legliz Senyè a, e nou dirije pa yon pwofèt vivan). Poze plizyè kesyon sou chak foto, tankou:

Kisa oswa kimoun sa ye? Kisa nou konnen osijè sa? Ki fason nou ka fòtifye temwayaj nou konsènan sa? Mande timoun yo pou site moun yo ka pataje temwayaj avèk yo. Temwaye ke menmjan timoun yo pataje sa yo konnen avèk lòt moun nan, temwayaj yo ap grandi epi y ap vin prepare pou sèvi misyon.



Planifye fason pou kapte atansyon yo nan kòmansman yon aktivite. Pa egzanp, nan aktivite sa a timoun yo pral enterese pandan y ap devine kisa yo pral rale soti nan valiz la.

Jezikri se Pitit Gason Bondye.

“Gade, m se Jezikri, Pitit Gason Bondye a. M se lavi ak limyè mond la” (D&A 11:28).

Ranfòse ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Chak semèn, planifye fason pou (1) idantifye doktrin nan, (2) ede timoun yo konprann ni, ak (3) ede yo aplike li nan lavi yo. **Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann ak ki fason m ka ede yo santi Lespri a?”**



Pèmèt timoun yo patisipe nan rakonte istwa ap kenbe yo atantif ak angaje.

1er semèn: Papa nou ki nan syèl la te voye Pitit Gason l la sou tè a.

Idantifye doktrin nan (repete yon aktivite vèsè): Repete aktivite vèsè sa a plizyè fwa avèk timoun yo:

Papa nou ki nan syèl la te voye Pitit Gason l lan sou tè a.

Li te vini tankou yon tibebe. (fè bèso ak bra ou)
Li te grandi menmjan avèk ou menm ak mwen menm. (bese epi leve tou dousman)
Paske li renmen nou, (men sou kè) Li te mouri pou nou. (chita)
Paske li te resisite, n ap viv ankò! (kanpe ankò)

Eksplike ke nan ekriti yo, Jezi di nou ke li se Pitit Gason Bondye. Li Doktrin ak Alyans 11:28 la fò ansanm. (Ou gen dwa envite timoun ki pi piti yo pou sèlman di “Pitit Gason Bondye” lè w ap li pati sa a nan ekriti yo.)

Ankouraje konpreyansyon (desine ak koute yon istwa): Fè chak timoun desine yon sèn oswa yon moun nan istwa nesans Jezikri a (pa egzanzp, Mari, Jozèf, oswa bèje yo). Rakonte istwa ki nan Lik 2:4–17 ak Matye 2:1–12an ankò. Envite timoun yo pou leve foto yo a nan moman apwopriye a nan istwa a. Ou gen dwa chante chan Nwèl nan Children’s Songbook la pandan aktivite sa a (gade paj 34–54). Pou sigesyon sou kijan pou itilize mizik nan anseye, gade APGPGA, 172–75.



2zyèm semèn: Jezi te grandi an sajès ak wotè ak yon fason ki te fè Bondye ak lèzòm plezi.



Nan aktivite sa a, timoun yo kapab konpare yo ak Jezikri nan rekonèt ke li te grandi menmjan avèk yo.


Idantifye doktrin nan (chante yon chan ak memorize yon ekriti): Montre foto ki montre pwogresyon Kris la soti nan tibebe pase nan laj timoun pou rive nan laj grandèt. Chante ansanm “Jesus Once Was a Little Child” (CS, 55), epi mande timoun yo pou eksplike kisa chan an anseye sou Jezi. Ede yo memorize Lik 2:52 kote w ap itilize aksyon senp pou reprezante fason Jezi te grandi: an sajès (montre tèt yo), an wotè (detire yo), ak yon fason ki te fè Bondye (kwaze bra) ak lèzòm (voye men bay yon zanmi) plezi.

Ankouraje aplikasyon (li ekriti ak patisipe nan aktivite): Divize klas la an kat zòn, epi mete youn nan siy sa yo nan chak zòn: Jezi te grandi an sajès—D&A 88:118; Jezi te devlope—D&A 89:20; Jezi te grandi nan fason ki te fè Bondye plezi—D&A 88:63; Jezi te grandi nan fason ki te fè lèzòm plezi—Pwovèb 18:24. Prepare yon aktivite senp pou chak zòn, tankou kesyon apwopriye ak laj sou Papa nou ki nan syèl la ak kòmmandman l yo (“sajès”),

yon santimèt pou ekri wotè chak timoun ak papyè pou desine imaj manje ki bay sante (“wotè”), ak istwa nan *Zanmi an* oswa *Liahona* sou temwayaj ak amitye (“fè Bondye plezi” ak “fè lèzòm plezi”). Eksplike ke nou tout grandi nan menm fason Jezi te grandi a—“nan sajès ak wotè, e nan fason ki fè

Bondye ak lèzòm plezi” (Lik 2:52). Divize timoun yo an kat gwoup, epi mande yon grandèt pou dirije chak gwoup pou al nan youn nan afich yo, kote yo pral li ekriti a ansanm ak patisipe nan aktivite a. Jwe ti mizik dousman lè se moman pou timoun yo deplase al nan youn lòt afich.

Repase: *Desanm se yon bon mwa pou repase. Panse pou repete yon aktivite nan yon ansyen leson, envite timoun yo pou pataje fason yo te viv doktrin nan pandan semèn nan, oswa mande yo kijan yo te pataje doktrin nan ak fanmi yo.*



[Klike la a pou desen.](#)

3yèm semèn: Jezikri se limyè ak lavi mond lan.

Idantifye doktrin nan (*fè yon aktivite ekriti*): mete foto nesans ak lanmò Kris la sou lòt bò mi sal la. Di timoun yo ke ou pral li kèk ekriti ki se oubyen siy nesans Jezi oubyen siy lanmò li. Mande yo pou you vire gade foto ki mache avèk ekriti w ap li yo. (Si Primè w la pa anpil, ou gen dwa fè timoun yo mache ale nan foto yo.) Li 3 Nefi 1:15, 19, 21; 8:20, 22–23. Diskite sou fason Jezikri te pote limyè nan mond lan. Mande timoun yo pou kouvri je yo epi imagine kèk pwoblèm yo ta kapab rankontre si yo t ap viv san limyè. Konpare pwoblèm sa yo avèk sa nou t ap rankontre si nou pa t gen levanjil Jezikri a. Li Jan 8:12, epi envite yo pou koute pou wè kisa nou dwe fè pou nou pa mache nan fènwa.

Ankouraje konpreyansyon (*jwe yon jwèt devinèt*): Eksplike ke anpil senbòl ede nou sonje ke Jezi se limyè mond lan; gen kèk nan senbòl yo ki itilize pou Nwèl. Mete kèk nan senbòl sa yo (tankou balèn, yon zetwal an papyè, oswa limyè) nan youn sache. Mande yon timoun pou foure men nan sachè a, manyen youn nan bagay yo san li pa gade, devine kisa l ye, epi apresya montre lòt timoun yo li. Mande timoun nan pou pataje yon bagay Jezikri te fè pou pote limyè nan lavi nou. Repete sa avèk lòt bagay yo.

Ankouraje aplikasyon (*desine yon foto*): Bay chak timoun yon solèy an papyè. Fè yo ekri oubyen desine yon foto sou yon fason yo pral suiv limyè Jezikri. Ankouraje yo pou pataje papyè yo a avèk fanmi yo.

4yèm semèn: Joseph Smith te wè Jezikri e li te temwaye konsènan li.

Ankouraje konpreyansyon (*louvri kado*): Vlope yon foto Premye Vizyon an kòm kado. Eksplike ke anpil moun bay kado pou selebre nesans. Mande nesans kimoun nou selebre pou Nwèl. Eksplike ke yon lòt moun enpòtan te pran nesans an Desanm tou. Envite yon timoun pou louvri kado a pou dekouvri ki moun moun sa a ye. Di timoun yo ke 23 Desanm se fèt nesans Joseph Smith. Pale sou Premye Vizyon an, epi eksplike ke nou resevwa kado enpòtan paske Joseph Smith te wè ak temwaye konsènan Jezikri. Sou tablo a, ekri: “Kado nou resevwa paske Joseph Smith te wè ak temwaye konsènan Jezikri.” Prepare kat gwo moso papyè, avèk youn nan kado sa yo ekri sou chak: “Nou gen Liv Mòmon an.” “Nou gen vrè Legliz la sou tè a jodia.” “Nou gen prètiriz la.” “Nou konnen ke Papa nou ki nan syèl la tande ak reponn priyè.”

Divize timoun yo an kat gwoup. Bay chak gwoup youn nan papyè yo, epi mande yo pou fè yon desen kado sa a. Mande yo pou bay youn lòt gwoup desen yo a kòm kado. Envite chak gwoup pou montre kado yo a epi eksplike lòt timoun yo kisa li ye epi mete foto a sou tablo a.



Kado nou resevwa paske Joseph Smith te wè ak temwaye konsènan Jezikri.

Nou gen Liv Mòmon an.



Nou gen vrè Legliz la sou tè a jodia.



Nou gen prètiriz la



Nou konnen Papa nou ki nan syèl la tande ak reponn priyè.



[Klike la a pou bann mo.](#)

Ankouraje aplikasyon (*temwaye konsènan Jezikri*): Fè timoun yo fèmen je yo epi panse ak youn moun yo ta ka pataje kado levanjil la avèk li. Di yo ke yo kapab menmjan ak Joseph Smith e temwaye konsènan Jezikri.



Ranfòse prensip levanjil yo: Prezante mizik nan peryòd echanj lan ede ranfòse prensip prezidans Primè a ap anseye yo. “Mizik se yon mwayen ekselan pou envite Lespri Senyè a nan leson ou yo. Mizik ede nou eksprime santiman ki difisil pou eksprime atravè pawòl nou pale” (Teaching Guidebook [2001], 10).

Poze kesyon: Itilize kesyon pou angaje timoun yo. Kesyon yo ede timoun yo koute pi byen e ogmante konpreyansyon yo sou prensip levanjil yo (gade CS, 300). Sonje pou poze kesyon yo nan yon fason pou timoun yo dekouvri repons lan lè y ap chante.

Kijan pou itilize mizik nan Primè a

Bi mizik la nan Primè a se pou anseye timoun yo levanjil Jezikri a ak ede yo aprann viv li. Chan Primè yo rann aprantisaj la pi agreyab, yo ede timoun yo aprann ak sonje verite levanjil yo, epi yo envite Lespri nan Primè a.

Men kèk teknik ki ap ede ou anseye timoun yo levanjil la atravè mizik. Egzanp sa yo ap ede ou avèk chan yo sigjere yo nan pwogram sa a. Gade seksyon “Kijan pou itilize mizik nan Primè a” ki nan pwogram 2010 ak 2011 yo pou ide adisyonèl.

Anseye levanjil la atravè mizik

Kèk nan pi gwo leson yo anseye nan Primè a anseye atravè mizik. “Mizik ka elaji konpreyansyon timoun yo sou prensip levanjil yo ak fòtifite temwayaj yo” (APGPGA, 174). Panse pou poze kesyon sou yon chan pou ede timoun yo konprann siyifikasyon li. Pa egzanp, “Bien choisir” (Cantiques, no. 154) anseye ke nou pa poukont nou pou n pran desizyon nan lavi a; Sentespri a ap gide nou pou nou fè bon chwa. Desine twa boukliye CBB sou tablo a epi ekri kesyon sa yo andedan yo: “Kimoun ki ap gide m pou m chwazi bon bagay?” “Kilè m ap resevwa èd?” ak

“Kisa yo pwomèt mwen lè m chwazi bon bagay?” Montre premye boukliye a, li kesyon an ansanm, epi mande timoun yo pou yo koute pandan w ap chante chan an epi apres a kanpe lè yo tande repons la. Fè yo chante repons la avèk ou plizyè fwa ansanm. Sa ap ede yo konekte pawòl yo ak melodi a. Repete sa avèk lòt kesyon yo. Pale sou fraz ak mo ki kapab difisil pou timoun yo konprann. Chante tout chan an, epi raple timoun yo ke lè yo chante li, yo temwaye ke Sentespri a ap ede nou si nou koute ak fè bon chwa.

Angaje tout timoun yo nan aktivite mizikal yo

Timoun tout laj ak kapasite renmen mizik e yo renmen patisipe nan aktivite mizikal. Lè chante yo ede timoun yo sonje sa yo chante a ak mesaj ki nan pawòl yo. Pandan w ap chante “Stand for the Right” (CS, 159), panse pou varye kadans ak volim chante a. Panse pou anseye tèm mizikal tankou *legato* (lantman ak dousman) ak *staccato* (vit ak fò) epi fè timoun yo chante chan an toulède fason yo.

Timoun renmen patisipe avèk jès tou, tankou bat men oubyen fè jès men ki koresponn ak pawòl yo. Nan chan “The Wise Man and the Foolish Man”

nan (CS, 281), jès men yo ap ede timoun yo foki sou pawòl yo nan chan an. Ou kapab itilize jès lè y ap chante “Nephi’s Courage” (CS, 120–21) la tou. Pa egzanp, mande timoun yo pou pretann ke yo kenbe yon boukliye avèk yon bra lè y ap chante “Ma prale” a, pretann ke yo kenbe yon epe lè y ap chante “M ap fè sa Senyè a kòmande yo,” epi mache anplas lè y ap chante “Mwen konnen Senyè a ap banm yon mwayen; li vle m obeyi.” Envite timoun yo pou bay kèk jès apwopriye pa yo pou nenpòt ki chan (gen kèk jès ki gen dwa pa apwopriye pou prezantasyon reyinyon Sentsèn nan).



Repase chante yo pou ranfòse prensip levanjil yo

Lè w ap anseye yon chan, w ap bezwen repete li souvan pou timoun yo ka aprann ni. Epitou w ap bezwen repase chan yo pandan tout ane a pou kenbe yo frèch nan lespri timoun yo. Lè w fin anseye yon chan, repase li epi chante li nan plizyè kalite fason amizan. Kontinye chante chan yo menm apre prezantasyon reyinyon sentsèn nan pou timoun yo ka sonje yo. Panse pou w ekri chan ou ta renmen timoun yo repase yo sou plizyè objè diferan (pa egzanp, flè nan yon veso, pwason an papye nan yon lak, plim sou yon kodenn, fèy sou yon pyebwa, oswa kè ki tepe nan tout sal la). Mande timoun yo pou yo chwazi yon objè alafwa epi chante chan an. Men kèk ide adisyonèl sou fason pou repase chan yo (èd vizyèl yo disponib nan sharingtime.lds.org):



- **Kib pou chante:** Fè yon kib avèk plizyè aksyon jès ekri sou chak bò. Mande yon timoun pou woule kib la pou detèmine ki aksyon yo pral fè lè y ap chante a.



- **Tifi chante/Tigason chante:** Fè foto yon tigason ak foto yon tifi, epi kole yo oubyen tepe yo sou tibwa diferan. Lè w ap repase yon chan, chanje foto yo pou montre kimoun ki dwe chante. Sa ap fè timoun yo patisipe aktivman.



- **Maryonèt pou chante:** Kopye epi koupe youn nan ilustrasyon ki nan paj 63 nan manyèl gadri a, *Behold Your Little Ones*, pou chak timoun kolorye. Kole oswa tepe chak ilustrasyon sou yon sachè papye pou fè maryonèt. Envite timoun yo pou yo chante avèk maryonèt yo a.



- **Boul papye nan panye:** Envite youn nan timoun yo pou lanse yon tisak pwa oswa boulèt papye nan yon panye. Si li reyisi nan premye lanse a, fè timoun yo chante kouplè a yon fwa; si li lanse l defwa, fè yo chante kouplè a defwa, e kontinye konsa.



Ide: Ankouraje timoun yo pou chante chan Primè yo nan sware famiyal, pandan etid ekriti, ak nan lòt lè apwopriye.





Kòm yon pitit Bondye

Ak kè kontan ♩ = 96-108

Pawòl ak mizik pa Janice Kapp Perry

1. Mwen vin sou tè'a ak pou - vwa fè chwa. Bon
 2. Mwen san - ti'm byen ak kon - tan pas - ke La -
 3. Nan pwòp kay mwen m'ap sè - vi ak jwa. M'ap

chwa yo be - ni mwen ak fan - mi mwen tou.
 pè sa so - ti nan lan - mou fan - mi mwen. Kòm pi -
 fò - ti - fye fan - mi mwen pa bon zèv mwen.

tit Bon - dye mwen re - se - vwa li - myè; Sen -

tes - pri a e - de'm kon - nen sa ki byen.

Dwa otè © 2006 pa Janice Kapp Perry. Tout dwa rezève.
 Chan sa a kapab kopye pou itilizasyon non komèsyal lakay ak legliz la.
 Nòt sa a dwe enkli nan chak kopi ki fèt.

Anseye timoun ki andikape yo

Sovè a te anseye: “Tout pitit ou yo pral aprann konsènan Senyè a; e lapè pitit ou yo pral gran” (3 Nefi 22:13).

Dirijan Primè yo gen responsablite enpòtan pou anseye levanjil Jezikri a bay tout timoun, enkli timoun ki andikape yo. Primè a se yon plas kote yo dwe akeyi, renmen, nourri, ak entegre tout timoun. Nan atmosfè sa a li pi fasil pou tout timoun yo konprann lanmou Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri epi santi ak rekonèt enfluyans Sentespri a.



Chak timoun presye pou Bondye. Yo chak bezwen lanmou, respè, ak sipò.

Pale avèk lòt moun lè w ap travay pou reponn ak bezwen timoun ki andikape yo nan Primè w la.

1. **Pale ak paran timoun nan.** Paran yo abityèlman konnen pitit yo a pi byen pase tout lòt moun. Yo kapab anseye ou fason pou reponn ak bezwen li, fason pou pote atansyon, ak pi bon fason pou l aprann. Pa eganp, gen kèk timoun ki espesyalman reponn byen ak mizik, gen lòt se istwa, foto, ekriti yo, oswa mouvman. Itilize plizyè kalite metòd anseyman, asire ou ke ou enkli fason chak timoun aprann pi byen.

2. **Pale ak lòt dirijan ak enstriktè Primè.** Priye epi travay ansanm pou nou jwenn mwayeren pou ede chak timoun aprann levanjil Jezikri a ak santi ke nou renmen yo.

3. **Pale avèk konsèy pawas la.** Dirijan Prèttriz yo ak lòt dirijan oksilyè yo kapab gen ide sou fason pou ede timoun ki gen bezwen espesyal yo. Nan yon pawas, gwoup gran prèt la te ofri pou bay yon “granpapa pou Primè” a chak semèn pou chita avèk yon jèn tigason ki te gen pwoblèm atansyon. (Lè l te posib, se te menm moun nan chak semèn.) Sa te ede tigason an fokis sou leson an ak santi ke yo renmen li.

Èldè M. Russell Ballard te anseye: “Klèman, moun nan pami nou yo ke yo konfye timoun presye sa yo gen yon responsablite nòb ak sakre, paske nou se moun Bondye chwazi pou antoure pitit li yo jodia ak lanmou ak chalè lafwa ak yon konpreyansyon sou idantite yo” (“Great Shall Be the Peace of Thy Children,” *Ensign*, Avr. 1994, 60).



Gen kèk timoun andikape ki reponn pi byen ak èd vizyèl. Itilize èd tankou sa yo montre nou la yo pou endike lè moman an rive pou priye, pou rete trankil, oswa pou chante.

[Klike la a pou figi yo.](#)

Pou plis enfòmasyon
sou fason pou ede timoun ki gen bezwen espesyal yo, gade nan Anseyman, pa gen pi gwo apèl, 38–39, ak disabilities.lds.org.

Adapte leson yo:
Ou gen dwa bezwen adapte peryòd echanj ou yo pou timoun ki gen andikap yo. Ale nan sharingtime.lds.org pou jwenn kèk egzanp pou fè sa.





LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

